

DISTRI ESKOLÈ NAN KONTE LEE

**GID POU PARAN
&
KÒD KONDWIT
POU ELÈV
2011-2012**

Klas 6^{yèm} ane pou 12^{yèm} ane



**Sant edikasyon piblik nan konte Lee
2855 Colonial Boulevard
Fort Myers, Florida 33966**

**Thomas Scott, Distri 5, Prezidan
Mary Fischer, M.A., Distri 1, Prezidant-adjwent**

**Jeanne S. Dozier, Distri 2
Jane E. Kuckel, Ph.D., Distri 3
Don H. Armstrong, Distri 4**

**Dr. Joseph Burke
Dirèktè an chèf lekòl yo**

www.leeschools.net

PARAN/GADYEN LEGAL:

**TANPRI LI EPI REVIZE DOKIMAN SILA A ANSANM AVÈK PITIT OU.
TANPRI SIYEN PRENMYE DE PAJ LA EPI RETOUNEN LI BAY LEKÒL PITIT OU.**

Apwouve pa Konsèy eskolè 06/21/11

Distri eskolè nan konte Lee
OBJÈKTIF PLAN ESTRATEJIK 2009/10-2014/15

VIZYON

Nou chache vin yon sistèm lekòl sou echèl mondyal.

MISYON

Misyon Distri eskolè nan konte Lee, fòs alimantè ki ini konminote divès e dinamik nou atravè edikasyon an, se pou asire chak elèv atenn pi gran potansyèl li atravè yon sistèm ki karakterize avèk:

- defi akademik ki rigore epi pètinan, lòfini ki rejwenn elèv la onivo enterè ak diferans li yo
- enstriksyon inovatè baze sou rechèch fyab
- opòtinite pou kiltive bon sitwayen
- yon kilti kote edikatè yo respekte
- pèsònèl ki byen fòme
- nivo elve sipò nan men paran yo
- lekòl ki sekirite
- eksplwatasyon resous efikas

OBJÈKTIF PLAN ESTRATEJIK

Sèvis akademik/pèfòmans elèv

Ogmante to elèv ki diplome
Diminye to elèv ki lage lekòl
Amelyore rannman elèv an lekti
Amelyore rannman elèv an matematik
Amelyore rannman elèv an syans
Amelyore rannman elèv an ekriti
Dekalaj nan rannman elèv pral diminye
Plis patisipasyon e reysisit nan klas avanse yo

Resous pèsònèl

Retni pwofesè ki kalifye
Amelyore byennèt fizik e mantal anplwaye nan distri a

Sèvis dafè

Satisfè egzijans federal, leta, lokal e objèktif plan estratejik
Maksimize efikasite nan itilizasyon resous distri a

Sèvis administratif

Kreye yon anviwonman sekirite, efikas ki favorab pou aprann

Patisipasyon paran/konminote

Ogmante konminikasyon ak patisipasyon paran/konminote

Kalite

Sibi yon evalyasyon ekstèn pou revize epi rekonnèt itilizasyon prensip *Quality* nan distri a.

Apwouve pou jwen, 2011

REPÈTWA RANSÈYMAN PÈSONÈL

Pwojè lalwa dwa edikasyonèl ak lavi prive (FERPA, yon lalwa federal, egzije Distri eskolè nan konte Lee, avèk kèk eksepsyon, pou li jwenn dizon alekri anvan li divilge enfòmasyon pèsonèl ki pou idantifye pitit ou nan dosye edikasyon pitit ou. Distri eskolè nan konte Lee gendwa divilge yon fason apwopriye enfòmasyon deziyen nan repètwa a sèlman si ou bay dizon ou nan paj swivan. Objektif prensipal pou divilge enfòmasyon nan repètwa a se pou pèmèt Distri eskolè nan konte Lee enkli enfòmasyon pitit ou nan kèk piblikasyon lekòl la. Pa egzanzp:

Yon bilten ki pou moutre wòl elèv ou nan yon pwodiksyon teyatral;
Liv souvni lekòl la;
Lis pi bon elèv yo oubyen yon lis distenksyon;
Bilten pou diplome; epi,
Fèy aktivite espòtif, tèlke pou baskètbòl ki moutre wotè chak jwè nan ekip la.

Repètwa ransèyman pèsonèl la, ki se enfòmasyon ki pa konsidere nwizib an jeneral oubyen yon antrav nan lavi prive si li divilge, gendwa divilge bay lòt òganizasyon an deyò ki gen biznis lejitim avèk distri eskolè. Lòt òganizasyon an deyò gendwa enkli konpayi ki pwodwi bag lekòl yo oubyen pibliye live souvni lekòl yo antwòt ki liste nan paj swivan.

Si ou pa vle Distri eskolè nan konte Lee divilge enfòmasyon ki nan repètwa ransèyman pèsonèl la nan dosye pitit ou, se pou ou endike chwa sila nan paj swivan, siyen fòm nan lòfini retounen li bay lekòl pitit ou andan dis jou. Enfòmasyon swivan se deziyen kòm enfòmasyon ki nan repètwa a:

Non elèv
Adrès
Nimewo telefòn
Adrès kouriyèl
Fotograf
Dat ak lye nesans
Dat li asiste lekòl
Klas lekòl li a
Patisipasyon nan aktivite ak espò ofisyèl
Pezantè ak wotè manm ekip espòtif
Diplòm , masyon onorifik, distenksyon
Enstitisyon ou ajans edikatif ki pi resan
Nimewo idantite elèv, non itilizatè, oubyen lòt idantifikatè inik ki ka sèvi pou konminike ant sistèm elektwonik ki pa ka itilize pou aksede dosye edikatif san yon NIP, mopas, elatriye (nimewo sekirite sosyal elèv la pa ka sèvi pou fen sila yo an pati oubyen an ankè).

KONPLETE CHAK SEKSYON—SIYEN—DETACHE—RETOUNEN BAY LEKÒL LA

Repètwa ransèyman pèsònèl

Non elèv _____ Nimewo ID _____ Klas _____

Seksyon A

Tanpri, make yon kaz

(Si ou pa make yon chwa, n ap ka divilge enfòmasyon pa defo)

- Ou gendwa divilge enfòmasyon nan repètwa ransèyman pèsònèl konsènan pitit mwen pou sèten piblikasyon lekòl yo epitou pou biznis lejitim distri eskolè a; tèlke piblikasyon liv souvni, foto pou lekòl, anons nan medya, elatriye, kòm dekri nan paj presedan. Mwen konprann enfòmasyon nan repètwa ransèyman pèsònèl pa p divilge bay antite ki pa angaje dirèkteman nan zafè distri eskolè a.
- Mwen pa vle enfòmasyon ki nan repètwa ransèyman pèsònèl pitit mwen divilge.

Seksyon B

Tanpri, make tout kaz ki aplikab

(Si ou pa make yon chwa, n ap ka divilge enfòmasyon pa defo)

- Mwen pa vle lekòl divilge bay rekritè militè non, adrès ak nimewo telefòn pitit mwen ki nan lekòl segondè.
- Mwen pa vle lekòl divilge bay enstitisyon pos-segondè non, adrès ak nimewo telefòn pitit mwen ki nan lekòl segondè.

Seksyon C

Elèv

Mwen sètifye m te resevwa yon kopi *Kòd kondwit pou elèv klas 6^{yèm} pou 12^{yèm} ane*, lòfini m te resevwa enstriksyon sifizan konsènan rezon pou, epi enpòtans dokiman sila a.

Siyati elèv la

Dat

Paran

Mwen menm se paran/gadyen legal elèv ki nonmen anwo a. Mwen gentan li *Kòd kondwit pou elèv klas 6^{yèm} pou 12^{yèm} ane*, epi m pale li bay pitit mwen. Chwa mwen konsènan divilgasyon repètwa ransèyman pèsònèl pitit mwen endike anwo.

Siyati paran/gadyen legal la

Dat

RANPLI KONPLËTMAN—DETACHE—RETOUNEN BAY LEKÒL LA

Pwofesè: _____
 (Klas 6-12; Pwofesè prensipal)
 Klas: _____
 Bis # _____

ENFÒMASYON SANTE & LÒT ANKA IJANS

ENFÒMASYON SILA YO SE KONFIDANSYÈL, MEN NOU GENDWA PATAJE AVÈK PÈSONÈL LEKÒL APWOPRIYE.

Dat: _____
 TWOUN SANTE - GADE ANBA

Non konplè elèv la : _____ Dat nesans _____ # ID _____

Adrès: _____ Lari _____ Vil _____ Kòd postal _____ Telefòn lakay: (_____) _____

ELÈV RETE AK: (ansèkle yon sèl) Toulède paran Manman

Papa: Natirèl / Bo pè / fanmi dakèy (ansèkle yon sèl)
 Non: _____
 Telefòn mobil: _____
 Kote ou travay: _____
 Anplwa: _____
 Telefòn travay: _____

Papa Gadyen Kouryèl: _____
Manman: Natirèl / Bèl mè / fanmi dakèy (ansèkle yon sèl)
 Non: _____
 Telefòn mobil: _____
 Kote ou travay: _____
 Anplwa: _____
 Telefòn travay: _____

Gadyen: (Tanpri founi papye lakou bay lekòl la)
 Non: _____
 Telefòn mobil: _____
 Kote ou travay: _____
 Anplwa: _____
 Telefòn travay: _____

OU DWÈ RANPLI PATISA - Moun ki ka okiye elèv la sizoka lekòl pa ka kontakte paran yo (sèl moun ou endike isit ap gen dwa vin chache pitit ou nan lekòl ak kat idantite):

Non: _____ Relasyon ak elèv: _____ Telefòn: (Kay) _____ (Travay) _____ (Mobil) _____
 Non: _____ Relasyon ak elèv: _____ Telefòn: (Kay) _____ (Travay) _____ (Mobil) _____
 Non: _____ Relasyon ak elèv: _____ Telefòn: (Kay) _____ (Travay) _____ (Mobil) _____

Liste tout timoun nan fanmi an dapre lòd yo fèt:

Non & Prenon	Laj/Sèks	Rete nan kay la	Klas/pwofesè	Lekòl
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	_____

Tanpri make anba si elèv la gen yon pwoblèm alèkile ake kenepòt twoub anba: (make kaz la e/ou ansèkle)

ADD/ADHD Opresyon Migrann Enfeksyon zorèy Twoub tande Aparèy tande
 Alèji: Manje/Latèks/Ensèk/Anviwòmantal Presize _____ Trètman _____
 Linèt/Vè kontak - Lòt pwoblèm vizyon _____
 Sik/Ki kalite _____ Teste san nan lekòl Wi ou Non Ensilin _____
 Maladi kè/Maladi ren _____ Chirji? Wi ou Non Medikaman _____
 Malkadi/ki kalite _____ Medikaman _____
 Lòt twoub ki egzije obsèvasyon _____
Tout medikaman: Kay/Lekòl/Konbe fwa _____

Deklarasyon paran: Mwen aksepte responsablite pou m avèti lekòl la lè adrès oubyen nimewo telefòn mwen (yo) chanje, oubyen si j gen chanjman nan eta sante pitit mwen. Elèv yo gendwa resewva nan men lèta sèvis lasante espesifye ak depistaj pou vizyon, tande, pwa ak eskolyoz. Elèv yo gendwa jwenn dispans pou kenepòt nan sèvis sila yo, si yo paran oubyen gadyen mande dispans alèkri. Si pitit mwen rive gen yon maladi ou yon aksidan grav, epi lekòl pa ka kontakte m tele, lekòl mèl rele anbilans vinn pran pitit mwen an, oubyen li mèl chache lòt mwayen pou j mennen pitit mwen kay doktè osnon lopital pou li resewva swen jans. Mwen aksepte responsablite pou peye tout swen medikal pitit mwen resewva. Si li rive yon aksidan oubyen yon maladi ki pa egzije swen la menm, men pitit mwen pa ka rele nan lekòl, mwen mande lekòl la pou j kontakte m. Si li pa ka jwenn mwen, mwen mande li kontakte youn nan moun sou lis anba a pou pran swen pitit mwen jistan lekòl ka kontakte mwen. Moun sila yo gen dwa transpòte pitit mwen. M konprann tou Distri a pral pataje kèk nan rejis eskòle pitit mwen ak pwofesyonèl sèvis lasante yo pou yo ka evalye epi pote swen bay pitit mwen. Egalman, pèsonèl lasante nan lekòl gendwa pataje rejis konsènan swen pitit mwen ak lòt pèsonèl lekòl ki gen yon bezwen lejiti.

Mwen konprann enfòmasyon sila yo pral fe pati nan rapòtwa ranseyman elèv ofisyèl.

Siyati paran ou gadyen _____ Dat _____

Non Doktè _____ Telefòn _____

Deklarasyon distri eskolè a konsènan nimewo SSN

Distri a pa p janm devwale bay pyès moun nimewo sekirite sosyal (SSN) yon elèv ou paran san dizon elèv la oubyen paran an sòf sizoka li mandate ou pèmi dapre lalwa. Distri a pral sèvi ak nimewo SSN pou rezon swivan: enskripsyon elèv, idantifikasyon dosye pèmanan elèv, idantifikasyon yon elèv, enskripsyon nan pwogram anvan ou apre lekòl, patisipasyon nan aktivite paraskolè ki konprann aktivite espòtif, rekòmandasyon pou lòt ajans k ap founi yon sèvis, aplikasyon pou èd finansye.

TAB MATYÈ YO

Plan estratejik distri a pou ane fiskal 2009-2015.....	Vèsò paj kouvèti
Kòd kondwit—Repètwa ransèyman pèsònèl— <i>Kopi pou paran</i>	3
Kat ijans ak enfòmasyon sante— <i>Kopi pou paran</i>	5
Deklarasyon konsènan nimewo SSN	6
<i>Gid pou paran</i>	7
Oto-evalyasyon pou paran	8
Kijan pou m enskri pitit mwen nan lekòl?.....	9
Ki fòm lasante e ki vaksen pitit mwen bezwen?	10
Ki lòt chwa m genyen pou lekòl?	10
Ki chwa elèv mwen nan lekòl segondè genyen?	11
Ki chwa ki disponib nan pwogram edikasyon pou granmoun?.....	11
Ki lòt pwogram ede timoun?	12
Ki sèvis nou ofri elèv yo?	12
Ki egzamen pitit mwen gen pou fè?	13
Kijan paran ka ede?	14
<i>Kòd kondwit pou elèv</i>	15
Entwodiksyon	16
Pòte otorite.....	16
Pòte otorite pèsònèl lekòl	16
Politik non diskriminasyon.....	17
Politik konsènan doleyans poutèt diskriminasyon.....	18
Politik konsènan kaponnay/arasman	18
Patisipasyon nan aktivite paraskolè ak vwayaj edikatif	20
Dwa ak Reskonsablite elèv yo.....	20
Prezans.....	21
Estanda prezans nan lekòl la.....	21
Ratrapaj.....	21
Notifikasyon dwa sou pwojè lalwa FERPA.....	21
Notifikasyon konsènan dwa paran yo.....	22
Kas bekàn	23
Transpòtasyon nan otobis	23
Zòn transpòtasyon.....	24
Aparans elèv ak politik abiman	25
Pwosesis rekòmandasyon disiplinè	25
Krim ki fèt andeyò lekòl.....	26
Politik kont menas vyolans.....	27
Itilizasyon òdinatè/rezo enfòmatic	28
Nivo mezi disiplinè.....	28
Ofans ak mezi disiplinè	30
Matris enfraksyon ak konsekans pou lekòl entèmedyè ak segondè	31
Plan pou epidemi lagrip.....	40
Ti poul pou elèv kont alkòl, dwòg ak kaponnay.....	41
Ti poul pou paran kont alkòl, dwòg ak kaponnay	42
Glosè.....	43
Fòmasyon karaktè	Vèsò paj kouvèti d

KOPI POU PARAN—PA DETACHE

Pwojè lalwa dwa edikasyonèl ak lavi prive (FERPA, yon lalwa federal, egzije Distri eskolè nan konte Lee, avèk kèk eksepsyon, pou li jwenn dizon alekri anvan li divilge enfòmasyon pèsonèl ki pou idantifye pitit ou nan dosye edikasyon pitit ou. Distri eskolè nan konte Lee gendwa divilge yon fason apwopriye enfòmasyon deziyen nan repètwa a sèlman si ou bay dizon ou nan paj swivan. Objektif prensipal pou divilge enfòmasyon nan repètwa a se pou pèmèt Distri eskolè nan konte Lee enkli enfòmasyon pitit ou nan kèk piblikasyon lekòl la. Pa egzanp:

Yon bilten ki pou moutre wòl elèv ou nan yon pwodiksyon teyatral;
Liv souvni lekòl la;
Lis pi bon elèv yo oubyen yon lis distenksyon;
Bilten pou diplome; epi,
Fèy aktivite espòtif, tèlke pou baskètbòl ki moutre wotè chak jwè nan ekip la.

Repètwa ransèyman pèsonèl la, ki se enfòmasyon ki pa konsidere nwizib an jeneral oubyen yon antrav nan lavi prive si li divilge, gendwa divilge bay lòt òganizasyon an deyò ki gen biznis lejitim avèk distri eskolè. Lòt òganizasyon an deyò gendwa enkli konpayi ki pwodwi bag lekòl yo oubyen bibliye live souvni lekòl yo antwòt ki liste nan paj swivan.

Si ou pa vle Distri eskolè nan konte Lee divilge enfòmasyon ki nan repètwa ransèyman pèsonèl la nan dosye pitit ou, se pou ou endike chwa sila nan paj swivan, siyen fòm nan lòfini retounen li bay lekòl pitit ou andan dis jou. Enfòmasyon swivan se deziyen kòm enfòmasyon ki nan repètwa a:

Non elèv
Adrès
Nimewo telefòn
Adrès kouriyèl
Fotograf
Dat ak lye nesans
Dat li asiste lekòl
Klas lekòl li a
Patisipasyon nan aktivite ak espò ofisyèl
Pezantè ak wotè manm ekip espòtif
Diplòm, masyon onorifik, distenksyon
Enstitisyon ou ajans edikatif ki pi resan
Nimewo idantite elèv, non itilizatè, oubyen lòt idantifikatè inik ki ka sèvi pou konminike ant sistèm elektwonik ki pa ka itilize pou aksede dosye edikatif san yon NIP, mopas, elatriye (nimewo sekirite sosyal elèv la pa ka sèvi pou fen sila yo an pati oubyen an ankè).

KOPI POU PARAN—PA DETACHE

Repètwa ransèyman pèsònèl

Non elèv _____ Nimewo ID _____ Klas _____

Seksyon A

Tanpri, make yon kaz

(Si ou pa make yon chwa, n ap ka divilge enfòmasyon pa defo)

- Ou gendwa divilge enfòmasyon nan repètwa ransèyman pèsònèl konsènan pitit mwen pou sèten piblikasyon lekòl yo epitou pou biznis lejitim distri eskolè a; tèlke piblikasyon liv souvni, foto pou lekòl, anons nan medya, elatriye, kòm dekri nan paj presedan. Mwen konprann enfòmasyon nan repètwa ransèyman pèsònèl pa p divilge bay antite ki pa angaje dirèkteman nan zafè distri eskolè a.
- Mwen pa vle enfòmasyon ki nan repètwa ransèyman pèsònèl pitit mwen divilge.

Seksyon B

Tanpri, make tout kaz ki aplikab

(Si ou pa make yon chwa, n ap ka divilge enfòmasyon pa defo)

- Mwen pa vle lekòl divilge bay rekritè militè non, adrès ak nimewo telefòn pitit mwen ki nan lekòl segondè.
- Mwen pa vle lekòl divilge bay enstitisyon pos-segondè non, adrès ak nimewo telefòn pitit mwen ki nan lekòl segondè.

Seksyon C

Elèv

Mwen sètifye m te resevwa yon kopi *Kòd kondwit pou elèv klas 6^{yèm} pou 12^{yèm} ane*, lòfini m te resevwa enstriksyon sifizan konsènan rezon pou, epi enpòtans dokiman sila a.

Siyati elèv la

Dat

Paran

Mwen menm se paran/gadyen legal elèv ki nonmen anwo a. Mwen gentan li *Kòd kondwit pou elèv klas 6^{yèm} pou 12^{yèm} ane*, epi m pale li bay pitit mwen. Chwa mwen konsènan divilgasyon repètwa ransèyman pèsònèl pitit mwen endike anwo.

Siyati paran/gadyen legal la

Dat

Deklarasyon distri eskolè a konsènan nimewo SSN

Distri a pa p janm devwale bay pyès moun nimewo sekirite sosyal (SSN) yon elèv ou paran san dizon elèv la oubyen paran an sòf sizoka li mandate ou pèmi dapre lalwa. Distri a pral sèvi ak nimewo SSN pou rezon swivan: enskripsyon elèv, idantifikasyon dosye pèmanan elèv, idantifikasyon yon elèv, enskripsyon nan pwogram anvan ou aprè lekòl, patisipasyon nan aktivite paraskolè ki konprann aktivite espòtif, rekòmandasyon pou lòt ajans k ap founi yon sèvis, aplikasyon pou èd finansye.

KOPI POU PARAN—PA DETACHE

Pwofesè: _____ Dat: _____
 (Klas 6-12, Pwofesè prensipal)
 Klas: _____
 Bis # _____ TWOUB SANTE - GADE ANBA

ENFÒMASYON SANTE & LÒT ANKA IJANS

ENFÒMASYON SILA YO SE KONFIDANSYÈL, MEN NOU GENDWA PATAJE AVÈK PÈSONÈL LEKÒL APWOPRIYE.

Non komplè elèv la: _____ Dat nesans _____ # ID _____

Adrès: _____ Lari _____ Prenon _____ Lèt _____
 _____ Kòd postal _____

ELÈV RETE AK: (ansèkle yon sèl) Toulede paran Manman

Papa: Natirèl / Bo pè / fanmi dakèy (ansèkle yon sèl)
 Non: _____
 Telefòn mobil: _____
 Kote ou travay: _____
 Anplwa: _____
 Telefòn travay: _____

Papa Gadyen Kouryèl:

Manman: Natirèl / Bèl mè / fanmi dakèy (ansèkle yon sèl)
 Non: _____
 Telefòn mobil: _____
 Kote ou travay: _____
 Anplwa: _____
 Telefòn travay: _____

Gadyen: (Tanpri founi papye lakou bay lekòl la)
 Non: _____
 Telefòn mobil: _____
 Kote ou travay: _____
 Anplwa: _____
 Telefòn travay: _____

OU DWÈ RANPLI PATI SA - Moun ki ka okipe elèv la sizoka lekòl pa ka kontakte paran yo (sèl moun ou endike isit ap gen dwa vin chache pitit ou nan lekòl ak kat idantite):

Non: _____ (Travay) _____ (Mobil) _____
 Relasyon ak elèv: _____
 Non: _____ (Travay) _____ (Mobil) _____
 Relasyon ak elèv: _____
 Non: _____ (Travay) _____ (Mobil) _____
 Relasyon ak elèv: _____

Liste tout timoun nan fanmi an dapre lòd yo fèt:

Non & Prenon _____ Rete nan kay la _____ Klas/pwofesè _____ Lekòl _____
 Laj/Sèks _____

Deklarasyon paran: Mwen akseptè reskonsabite pou m avèti lekòl la lè adrès oubyen nimewo telefòn mwen (yo) change, oubyen si i gen charjman nan eta sante pitit mwen. Elèv yo gendwa resewa nan men leta sèvis lasante espesifye ak depistaj pou vizyon, tande, pwa ak eskolyaz. Elèv yo gendwa jwenn dispans pou kenepòt nan sèvis sila yo, si yon paran oubyen gadyen mande dispans lekri. Si pitit mwen rive gen yon maladi ou yon aksidan grav, epi lekòl pa ka kontakte m tèt, lekòl mèl rele anblans vinn pran pitit mwen an, oubyen li mèl chache lòt mwayen pou i mennen pitit mwen kay doktè osnon lopital pou li resewa swen ijans. Mwen akseptè reskonsabite pou peye tout swen medikal pitit mwen resewa. Si li rive yon aksidan oubyen yon maladi ki pa egzijè swen la menm, men pitit mwen pa ka rete nan lekòl, mwen mande lekòl la pou i kontakte m. Si li pa ka jwenn mwen, mwen mande li kontakte youn nan moun sou lis anba a pou pran swen pitit mwen istan lekòl ka kontakte mwen. Moun sila yo gen dwa transpòte pitit mwen. M konprann tou Distri a pral pataje kek nen rejis eskolè pitit mwen ak pwofesyonèl sèvis lasante yo pou yo ka evalye epi pote swen bay pitit mwen. Egalman, pèsonèl lasante nan lekòl gendwa pataje rejis konsènan swen pitit mwen ak lòt pèsonèl lekòl ki gen yon bezwen lejitim.

Mwen konprann enfòmasyon sila yo pral fe pati nan repèwa ranseyman elèv ofisyèl.

Tanpri make anba si elèv la gen yon pwoblèm atèkrite ake kenepòt twoub anba: (make kaz la e/ou ansèkle)
 ADD/ADHD Opresyon Migrann Enfeksyon zorèy Twoub tande Aparèy tande
 Alèji: Manje/Latèks/Ensek/Anviwòmantal Presize _____ Trètman _____
 Linèt/Vè kontak - Lòt pwoblèm vizyon _____
 Sik/Ki kalite _____ Teste san nan lekòl Wi ou Non Ensilin _____
 Maladi ke/Maladi ren _____ Chiriji? Wi ou Non Medikaman _____
 Malkadi/ki kalite _____ Medikaman _____
 Lòt twoub ki egzije obsèvasyon _____
Tout medikaman: Kay/Lekòl/Konbe fwa _____

Siyati paran ou gadyen _____ Dat _____

Gid pou Paran





Oto-evalyasyon pou paran

Bi oto-evalyasyon sila a se pou moutre paran nan ki mezi yo enplike nan ede pitit yo reyisi nan lekòl. Tanpri pran kèk minit kounyeya pou wè kijan ou fè.

Atitid

- Mwen mete enpòtans sou edikasyon pou pitit mwen epitou m ankouraje l pou li mete pi bon efò l.
- Mwen lwe efò pitit mwen epi mwen moutre konfyans nan abilite li genyen pou l reyisi.
- Mwen ede pitit mwen etabli yon seri bi akademik pou kout ak lon tèm.
- Mwen selebre reyisit akademik pitit mwen yo.

Akademik

- Mwen li ansanm avèk pitit mwen chak jou.
- Mwen asire kay nou gen yon kote ak lè espesifik pou fè devwa lekòl.
- Mwen asire pitit mwen gen materyèl li bezwen pou konplete devwa li.
- Mwen toutan ap pale pitit mwen konsènan sa li fè nan lekòl, lòfini m mande wè devwa li.
- Mwen asiste atelye sou kijan m ka ede pitit mwen lakay la.

Konpòtman

- Mwen veve sa pitit mwen gade nan televizyon epi sa li fè sou entènèt, kouriyèl ak lòt fowòm konminikasyon elektwonik.
- Mwen aprann pitit mwen pou asepte reskonsablite pou aksyon li nan lekòl, lakay epitou nan konminote a.
- Mwen aprann pitit mwen konpòtman pozitif tankou respè pou tèt ou ak lòt moun, travay di ak reskonsablite, lòfini mwen sèvi kòm modèl.
- Mwen konnen atant ak konsekans konsènan konpòtman nan lekòl.

Reskonsablite

- Mwen asire pitit mwen swiv menm woutin chak jou.
- Mwen ankouraje pitit mwen asepte reskonsablite pou aksyon li yo.
- Mwen asire pitit mwen asiste lekòl chak jou alè.
- Mwen veve epi pwomouvwa patisipasyon pitit mwen nan aktivite aprè lekòl ak aktivite paraskolè.

Aktivite lekòl/lakay

- Mwen konminike regilyèman ak pwofesè pitit mwen an dirèk, pa telefòn, pa kouriyèl epi alekri.
- Mwen sèvi ak *ParentLink* regilyèman.
- Mwen prepare pou epi mwen asiste konferans ak pwofesè a: reyinyon IEP, PMP, ELL, elatriye.
- Mwen asiste pòt ouvè, fwa lasyans, pyès teyat, repetisyon, match espòtif, sware pwogram etid, ak lòt aktivite chak fwa m gen lè.
- Mwen fè benevòl nan lekòl la lè se posib.

Fòm oto-evalyasyon sila a se pou ou menm. Ou pa bezwen retounen li bay lekòl la.

Kijan pou m enskri pitit mwen nan lekòl?

È ouvèti biwo Plasman elèv - Lendi pou vandredi - 9è pou 4è

Biwo Cape Coral
370 Santa Barbara Blvd.
Cape Coral, FL 33993
239-242-2059

Biwo Fort Myers
2855 Colonial Blvd.
Fort Myers, FL 33966
239-337-8247

Biwo Lehigh Acres
1262 Wings Way, Suite 207
Lehigh Acres, FL 33936
239-337-8347

Nan konte Lee, nou pa sèvi ak modèl yon lekòl pou chak vwazinaj, nou sèvi pito ak modèl plizyè lekòl pou yon gran konminote. Konte Lee divize nan twa zòn; ou gendwa chwazi nan pami plizyè lekòl nan zòn kote ou rete a. Youn fwa pitit ou enskri nan yon lekòl, li ka rete nan menm lekòl sa jouk nan pi wo klas lekòl genyen, oubyen jouk ou vle chanje li lekòl oubyen ou demenaje nan yon lòt zòn. Pwosesis enskripsyon kòmans nan biwo Plasman elèv ki pi prè kay ou. Kontakte yonn nan biwo Plasman elèv ki liste anwo pou plis enfòmasyon.

Ki moun dwè enskri atravè yon biwo Plasman elèv?

Nouvo elèv nan tout nivo, elèv k ap enskri nan jadendanfan, e elèv nan klas 6^{yèm} ak 9^{yèm} ane dwè patisipe nan pwosesis plasman elèv. Pou ogmante chans ou resewa premye chwa pou lekòl pitit ou note si pitit ou gen frè ou sè nan lekòl, pwoksimite ak lekòl, elatriye, lè ou enskri pannan premye delè enskripsyon an. Vizite sitwèb nou an nan: www.leeschools.net.

Ki dokiman mwen bezwen pou enskri pitit mwen?

Ou va bezwen dokiman swivan yo pou konplete pwosesis enskripsyon an:

- Batistè orijinal oubyen yon kopi ki fakse depi anyen lekòl elèv la, amwenske elèv la enskri nan klas jadendanfan.
- Egzamen medikal (*fizikal*) - Egzamen an dwè date nan 12 mwa ki presede enskripsyon an. Nou pa egzije yon *fizikal* si elèv la transfere depi kenepòt lòt lekòl piblik ou prive nan Florid, amwenske elèv la ap enskri nan jadendanfan.
- Kat sekirite sosyal (si disponib)
- Sètifika Florid pou vaksen - Ou gendwa pwokire sa a si ou mennen rejis konsènan vaksen yo bay *Lee County Health Department, 3920 Michigan Ave., Ft. Myers, FL.* (Pou plis enfòmasyon ou mèt kontakte yo nan 239-332-9601.)
- Prè adrès - Nou egzije yon sèl nan dokiman sila yo:
 - Bòdo kouran, dlo, kab, telefòn lakay
 - Fèmaj siyen
 - Deklarasyon nan men mèt kay la ki verifye ou rete nan kay la
 - Kat dispans taks lakay (*Homestead Exemption*)
 - Si ou ap bati yon kay, yon lèt potèk ki enkli: non ou, nimewo prè, adrès kay la, ansanm ak yon lèt nan men konpayi an ki bati kay la pou di ki dat achèyman kay la ki previ. (Dat achèyman kay la dwè nan yon delè rezonab pa rapò ak dat elèv la pral kòmans lekòl)
 - Si ou ap achte yon kay - yon lèt potèk ki enkli: non ou, nimewo prè, adrès kay la ak dat ou ap achte kay la. Nou pa asepte: kontra vant, lèt angajman, lèt pre-apwobasyon oubyen deklarasyon sou verite nan prete.
 - Si ou rete ansanm ak fanmi oubyen zanmi - yon lèt ki liste non ou ak non pitit ou yo, ki di ou rete nan kay sila a, epitou yon nan dokiman liste anwo pou verifye adrès la.
- Prè lagad si pitit la pa rete ak toulede paran li yo.
- Non ak adrès dènye lekòl elèv la asiste.
- Kopi plan IEP a si pitit ou nan pwogram ESE.
- Pyès idantite ak foto - paran oubyen gadyen ki enskri yon elèv dwè moutre yon pyès idantite ak foto.

Kisa m fè si m demenaje oubyen si m vle transfere nan yon lòt lekòl?

Si ou ap re-enskri nan distri a, ou ap demenaje nan yon lòt zòn, oubyen ou ap transfere nan yon lòt lekòl, vizite biwo Plasman elèv ki pi prè kay ou oubyen travay ou. Tanpri, rele yon nan biwo Plasman elèv liste anwo ou vizite sitwèb nou an nan www.leeschools.net si ou gen keksyon.

Plasman pou marasa ou triplè

Paran marasa oubyen triplè ki plase nan yon menm lekòl gendwa mande alekri pou pitit yo plase nan menm klas la oubyen pou separe yo. Paran yo dwè fè demann lan pa pita ke 5 jou anvan premye jou pitit yo pral asiste lekòl si elèv yo enskri nan lekòl aprè ane eskolè a deja kòmans. Lekòl la pral asiste paran yo avèk desizyon an, lòfini l ape founi yo toutan ak enfòmasyon konsènan rezilta plasman an. Pou plis enfòmasyon konsènan opòtinite sila a, tanpri kontakte dirèktè lekòl pitit ou.

Ki fòm lasante e ki vaksen pitit mwen bezwen?

Anvan yon timoun gendwa kòmanse lekòl, asiste lekòl oubyen transfere lekòl nan Florid (K-12), li bezwen genyen nan dosye li a yon Sètifika Florid pou vaksen, DH 680, ki moutre bagay swivan:

Dòz minimòm egzije pou chak klas lekòl					
Vaksen	Jadendanfan	Klas 1, 2, 3	Klas 4, 5, 6	Klas 7, 8, 9	Klas 10-12
Vaksen difteri-tetanòs-koklich (DTaP) ou vaksen tetanòs apwopriye pou daprè laj	4 ou 5*	4 ou 5*	4 ou 5*	4 ou 5*	4 ou 5*
Vaksen epatit B (hep B)	3	3	3	2 ou 3**	2*** ou 3
Vaksen polyo ki pa aktif (IPV)	4 ou 5**	3 ou 4	3 ou 4	3 ou 4	3 ou 4
Vaksen woujòl-malmouton-woubewòl (MMR)	2	2	2	2	2
Vaksen difteri-tetanòs-koklich (Tdap) Ou Piki rapèl tetanòs-difteri	0	0	0	1Tdap	1 Td ou Tdap
Vaksen saranpyon PA egzije si elèv konn gen maladi a (dokimantasyon egzije nan men doktè)	2	2	Klas 4-10:1 dòz		

Elèv pre-K aje 3 pou 4 ane dwè resevwa yon dòz emofilis pou grip Tip b (Hib).

* Si elèv la resevwa #4 DTap aprè 4yèm anivèsè li, li sèlman bezwen 4 dòz.

**5 dòz IPV egzije si elèv la resevwa 4^{yèm} dòz anvan 4^{yèm} anivèsè li.

***Yon seri dòz pou epatit B se aseptab si doktè a te dokimante sa a.

Enfèksyon mennenjit

Enfèksyon mennenjit se yon maladi grav ki koze pa yon bakteri. Se pi komen avèk timoun ant 2-18 an nan Ozetazini. Nou rekòmande MCV4 pou tout timoun pre-adolesan (11-12 an) lè yo vizite doktè yo. Pou moun ki poko janm resevwa MCV4, nou rekòmande yon dòz lè yo antre nan lekòl segondè. Lèt jenn ki vle redwi ris pou kontrakte enfèksyon mennenjit gendwa osi pran vaksen an.

Kontakte doktè ou oubyen Depatman lasante nan konte Lee. Vaksen yo se GRATIS kote Depatman lasante a si moun nan anba 19 ane.

Ki lòt chwa m genyen pou lekòl?

Pwogram bous pou K-12 ane

Leta Florid gen twa pwogram bous ki pèmèt fon ki peye fre eskolarite swiv elèv nan lekòl piblik oubyen prive. Pou kalifye pou kenepòt pwogram bous liste anba a, yon elèv dwè enskri nan yon lekòl piblik an Florid pou ane presedan an.

- *Opportunity Scholarship Program* se pou elèv ki asiste, oubyen ki plase nan yon lekòl ki an fayit. Elèv yo gen opsyon pou yo asiste yon lekòl piblik ki fè prèv yon pi bon pèfòmans. Lekòl yo ki resevwa yon "F" pou de nan kat dènye ane yo se konsidere lekòl an fayit.
- Bous *John M. McKay* pou elèv ak enfimite kite paran elèv ak enfimite chwazi pi bon anviwonman akademik pou pitit yo. Si yon elèv gen yon IEP aktif, li gendwa elijib pou asiste yon lòt lekòl piblik oubyen resevwa yon bous pou asiste yon lekòl prive ki patisipe nan pwogram nan. Gen plis enfòmasyon disponib nan biwo Edikasyon pou elèv ak bezwen espesyal nan konte Lee: 337-8285.
- Pwogram Bous kredi pou taks antrepriz (*Corporate Tax Credit*) ofri elèv nan fanmi ki gen resous finansye limite opsyon pou yo asiste yon lòt lekòl piblik epi resevwa lajan pou transpòtasyon, oubyen pou yo asiste yon lekòl prive.

Pou plis enfòmasyon konsènan bous yo ou mèt aksede sitwèb Depatman edikasyon an Florid (FDOE)

www.floridaschoolchoice.org. Paran gendwa osi kontakte liy ouvè FDOE nan 1-800-447-1636.

Lekòl ki etabli daprè estati lalwa

Lekòl ki etabli daprè estati lalwa yo se lekòl piblik yo ki ofri yon altènatif pou paran ak elèv nan sistèm eskolè piblik. Pa gen fre eskolarite pou elèv yo. Pou plis enfòmasyon konsènan lekòl ki etabli daprè estati lalwa yo tanpri tcheke sitwèb la:

www.leeschools.net/school/charter.

Ki chwa elèv mwen nan lekòl segondè genyen?

Klas òdinè, branche sou entènèt oubyen avanse

Klas òdinè, branche sou entènèt oubyen klas avanse (AP) se disponib nan tout lekòl segondè yo. Elèv yo gendwa osi gen kredi nan lekòl pòs segondè atravè pwogram doub enskripsyon ak enskripsyon bonè. Elèv yo gen lokazyon pou genyen yon diplòm *Associate of Arts* anvan yo kite lekòl segondè si yo swiv klas doub enskripsyon apwopriye. *Lee Virtual School* se pwogram distri a ki branche sou entènèt pou elèv ki kalifye nan klas K-12^{ye} ane. Ou mèt vizite: <http://lvip.leeschools.net> oubyen rele 239-337-8178. Lekòl vityèl Florid (FLVS) se disponib egalman pou elèv ki vle genyen kredi pa entènèt. Pou plis enfòmasyon gade sitwèb: www.flvs.net. Kontakte yon konseye lekòl nan lekòl segondè oubyen gade Pwojè pou pwogresyon elèv yo nan: www.leeschools.net pou plis enfòmasyon konsènan chwa pou kredi nan lekòl segondè.

Avansman pa mwayen detèminasyon apa (AVID)

AVID se yon sistèm ki pare elèv yo pou kolèj epi se pou ogmante kantite elèv ki enskri nan kolèj katran yo. Fòmil la se senp—ogmante atant pou elèv yo, ake sistèm sipò AVID an plas, y ap ka leve defi a. Nan klas fakiltatif akselere, elèv AVID resevwa sipò ake yon pwogram etid rigore e kontini, ake èd siplemantè estriktire. Pwofesè AVID yo sipòte elèv AVID yo lè yo founi antrennman akademik, jere èd siplemantè, travay ake paran a yo, epi lè yo ede elèv yo devlope pwojè akademik e pèsònèl a long tèm.*

Pwogram Cambridge sètifikasyon entènasyonal avanse (AICE) Pwogram Cambridge AICE se yon pwogram etid entènasyonal e yon sistèm evalyasyon pre-inivèsité ki mete aksan sou valè etid etandi epi ekilibre pou elèv ki gen ladrès akademik. Fòs li genyen se fleksiblite e estrikti nan pwogram etid la ki ankouraje konnesans pratik pwofon pou chak matyè, lòfini li genyen evalyasyon baze sou redaksyon esè epi evalyasyon konnesans ake metriz abilite.*

Akademi pou edikasyon vokasyonèl e pwofesyonèl (CAPE)

Elèv yo resevwa lokazyon pou enskri nan pwogram teknik e vokasyonèl ki mennen a kredi pos-segondè, sètifikasyon nan endistri epi devlopman ladrès pratik pou kolèj e/ou vokasyon. Akademi CAPE yo disponib nan STEM, biznis, finans, konstriksyon, mekanik, teknoloji enfòmasyon, medikal e plen lòt ankò.*

Sant boza

Anplis pwogram akademik baz la nan chak lekòl, sant boza yo ofri pwogram teyat, da vizyèl, medya, televizyon, sinematografi, jounalis, dans, djaz, koral, òkès.*

Lekòl segondè konpreyansif

Lekòl segondè konpreyansif yo founi elèv yo ak yon altènativ edikasyonèl ki amelyore pwogram etid segondè tradisyonèl. Elèv ka pa sèlman seleksyonnen nan pami pwogram akademik tradisyonèl e paraskolè, men gen opsyon pou pouswiv yon pwogram espesyalize nan yon akademi teknik e vokasyonèl. Yon akademi vokasyonèl se yon konminote aprantisaj espesyalize ki founi elèv yo avèk pwojè pou ekip epi lòt eksperyans edikatif enpòtan. Anplis prepare elèv yo pou etid pos-segondè, elèv yo ki gradye nan yon lekòl segondè konpreyansif sòti avèk ladrès ak konpetans pou yo espesyalize nan biznis ak endistri.*

Pwogram Bakaloreya entènasyonal (IB)

Pwogram Diplòm bakaloreya entènasyonal (IB) se yon pwogram etid pre-inivèsité egzijan ki ofri nan de dènye ane lekòl segondè. Admisyon se baze sou pèfòmans akademik ak rezilta egzamen.*

Pwogram Lee pou fiy-mè (LAMP)

LAMP se yon pwogram a twa volè ki adrese bezwen akademik, sante ak ajisman sosyal pannan peryòd gwosès ak aprè pitit la fèt. Nou gentan devlope yon pwogram espesyal an sante ak swen timoun pou chak elèv nan LAMP. Enfòmasyon siplemantè se disponib ak konseye lekòl la oubyen lè ou rele: 332-2526.

Lekòl teknik

Gen de lekòl teknik pou elèv ki gen 16 an ou plis. Elèv yo enskri a tan plen pou resevwa antrennman avanse nan yon varyete chan karyè diferan. Elèv yo ki tèminen pwogram sila yo byen ekipe pou kontinye nan kolèj oubyen antre dirèkteman nan mache travay.

*Pwogram sila se disponib nan chak nan twa zòn yo.

Ki chwa ki disponib nan pwogram edikasyon pou granmoun?

Edikasyon konminotè ak Edikasyon pou granmoun

Objektif pwogram Edikasyon granmoun e konminotè se pou founi yon bonjan edikasyon pou rezidan nan konte Lee ki gen 16 an ou plis. Nou ofri klas ni jou ni aswè, avèk sipò espesyal pou moun ki pouswiv yon diplòm segondè, anglè kòm lang segonn, epi ladrès ou konpetans pou anplwa. Anplis, Edikasyon granmoun e konminotè ofri klas aswè pou anrichisman pèsònèl e lwazi. Nou ofri klas nan plizyè lokal avèk yon pwogram etid ki adapte pou demann, enterè ak bezwen konminote a. Klas nou ofri aswè koute jeneralman yon pri minimal pou kouvri depans klas la.

Vizite sitwèb la nan: www.leeadulteducation.org oubyen rele: 939-6310.

Edikasyon teknik e vokasyonèl

Depatman Edikasyon teknik e karyè reskonsab pou founi bonjan pwogram nan nivo lekòl entèmedyè, segondè ak pos-segondè. Edikasyon teknik pos-segondè nan Distri eskolè nan konte Lee konsiste nan pwogram kreye pou prepare elèv yo pou devlopman epi metriz konpetans pou anplwa. Pwogram sila yo fèt prensipalman nan *High Tech Central*, *High Tech North*, *The Southwest Florida Public Service Academy*, epitou nan *The Lee County Public Education Center*. Nou ofri pwogram dapre bezwen konminote a avèk enfòmasyon konsènan devlopman ekonomik. Lòfini, nou devlope patenarya avèk biznis, ajans ak lòt enstitisyon edikasyonèl pou asire kolaborasyon ak atikilasyon pwogram k ap benefisye ni elèv yo ni konminote a.

Èd finansye se disponib pou elèv ki elijib ki enkli ansyen militè. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb sila yo:

Lee County High Tech Central: www.hightechcentral.org

Lee County High Tech North: www.hightechnorth.com

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram segondè, vizite: <http://tce.leeschools.net/Secondary.htm>



Ki lòt pwogram pou ede timoun?

Tit I

Objèktif Tit I se pou ede tout timoun fè pi byen nan lekòl epi resevwa yon pi bon edikasyon. Sèten lekòl, kote revni fanmi yo anba yon sèten nivo, gendwa sèvi ak lajan Tit I pou amelyore lekòl la pou klas pre-K pou 12yèm ane. Paran jwe yon wòl enpòtan nan lekòl Tit I yo. Tit I ede ni pwofesè ni paran pou pi byen sipòte reyisit elèv yo nan lekòl.

Tit I – Edikasyon pou migran yo

Pwogram Edikasyon pou migran yo ofri èd pou amelyore edikasyon pou timoun migran ak fanmi yo. Nan nivo preskolè, pwogram nan prepare timoun migran 4 ane yo ak ladrès yo bezwen pou antre nan klas jadendanfan. Objèktif nou pou elèv migran nan klas K-12yèm ane se pou ba yo sipò ak sèvis yo bezwen pou reyisi nan lekòl.

Tit III

Objèktif Tit III se pou ofri enstriksyon lengwistik pou elèv ki pa pale anglè kòm lang matènèl oubyen elèv ki se imigran. Pwogram nan gen pou amelyore edikasyon pou Elèv k ap aprann anglè (ELL) pou yo ka reyisi egzamen leta yo.

Anglè pou moun ki pale lòt lang (ESOL)

Pwogram ESOL ede tout Elèv k ap aprann anglè (ELL) genyen ladrès an ekout, pale, lekti ak ekriti an anglè. Pwofesè timoun ELL yo resevwa antrenman pou yo ka pi byen ede elèv sila yo konprann sa yo aprann an anglè.

Pwogram “Ba yo gabèl”

Pwogram "Ba yo gabèl" se pou timoun 3-4 an. Pwogram nan gendwa sèvi timoun ak bezwen espesyal tou. Gen egzijans konsènan revni fanmi yo, men pwogram nan se gratis pou elèv ki elijib. Nou ofri sèvis lasante e sèvis nan klas yo tou. Timoun yo gendwa asiste lekòl lokal yo oubyen yon sit ki gade timoun ki gen kontra avèk nou. Objèktif pwogram "Ba yo gabèl" se pou prepare timoun pou klas jadendanfan. Tanpri rele: 332-2512.

Pwogram “Ba yo gabèl bonè”

Pwogram "Ba yo gabèl bonè" se pou timoun 0-3 an. Nou gendwa sèvi madanm ki ansent yo tou. Gen egzijans konsènan revni fanmi yo, men pwogram nan se gratis pou elèv ki elijib. Objèktif "Ba yo gabèl bonè" se pou ogmante kwasans ak sante timoun li sèvi yo. Pwogram ki ofri nan sant yo se nan *Early Childhood Center*. Nou ofri sèvis lakay la tou. Tanpri rele: 332-2512.

Pre-jadendanfan volontè (VPK) -- Pwogram pou ane eskolè a

VPK se yon pwogram ki dire 540 è pannan lane eskolè a pou timoun katran yo. Pwogram nan gendwa sèvi timoun ak bezwen espesyal tou. Gen egzijans konsènan revni fanmi yo, men pwogram nan se gratis pou elèv ki elijib. Nou ofri sèvis nan sal klas la. Timoun yo gendwa asiste lekòl lokal yo oubyen yon sit ki gade timoun ki gen kontra avèk nou. Objèktif pwogram VPK se pou prepare timoun pou klas jadendanfan. Tanpri rele: 332-2512.

Pre-jadendanfan volontè (VPK) -- Pwogram lete

Pwogram VPK lete se gratis pou tout timoun k ap antre nan klas jadendanfan nan lotòn. Elèv pa gendwa nan pwogram VPK pannan ane eskolè presedan. Lekòl lokal yo anime yon pwogram lete ki dire 300 è. Objèktif pwogram VPK lete a se pou prepare timoun pou klas jadendanfan. Tanpri rele: 332-2512.

Ki sèvis nou ofri elèv yo?

Edikasyon pou elèv ak bezwen espesyal (ESE)

Kèk elèv bezwen enstriksyon ak sipò espesyal. Depatman pou Edikasyon pou elèv ak bezwen espesyal ESE ofri edikasyon piblik ki gratis e apwopriye dapre Pwojè lalwa edikasyon pou moun ak enfimite yo (IDEA). Sèvis ak pwogram disponib pou satisfè bezwen endividyèl elèv ki egzije yon edikasyon espesyal aje ant 3 ak 22 an. Si ou kwè pitit ou gen bezwen aprantisaj espesyal ou bezwen sosyal/konpòtman espesyal, se pou ou kontakte pwofesè pitit ou oubyen konseye lekòl la.

Rezo resous dyanostik e aprantisay Florid (FDLRS)

Rezo resous dyanostik e aprantisay Florid (FDLRS) ofri depistaj devlopmanal gratis pou idantifye timoun aje ant 0-5 an, ki PA enskri nan lekòl, epi ki ka bezwen sèvis espesyal. Rele 337-8363, 337-8199 ou 1-866-551-8363 pou plis enfòmasyon. FDLRS ofri atelye pou paran ak sèvis lagad pou timoun tou.

Pwogram lekòl lakay/lopital poutèt maladi

Pwogram lekòl lakay/lopital poutèt maladi ofri enstriksyon espesyalize pou elèv ki dwè absante nan lekòl pou plis pase kenz jou poutèt yon maladi fizik dyanostike yon kondisyon sikyatrik, oubyen yon maladi kwonik ou repete. Dyanostik medikal dwè fèt nan men yon medsen agreye. Fòmilè demann disponib nan men konseye lekòl la oubyen biwo Lekòl lakay/lopital nan 337-8103.

Sèvis lasante

Mis lekòl travay nan lekòl yo kèk jou chak semenn. Asistan ki antrennen travay egalman nan klinik nan chak lekòl elemantè, entèmedyè ak segondè panna è lekòl yo.

Konseye lekòl

Konseye lekòl yo ofri plizyè sèvis akademik, pèsònèl, sosyal ak karyè epi yo disponib pou tout elèv nan klas K-12yèm ane. Si ou ta renmen pitit ou rankontre ak konseye lekòl la, kontakte pwofesè pitit ou oubyen dirèktè lekòl la.

Travayè sosyal nan lekòl

Travayè sosyal nan lekòl fè lyezon ant lakay, lekòl ak konminote a tou. Kòm manm ekip edikatif lekòl, yo travay pou pwomouvwa epi sipòte reyisit akademik e sosyal elèv la avèk sèvis espesyalize ki relye. Si ou kwè pitit ou gendwa benefisyè nan sèvis yon travayè lekòl, tanpri kontakte dirèktè lekòl pitit ou.

Si ou gen yon kay tanporè oubyen si ou sanzabri

Èske ou rete ak yon lòt fanmi tanporèman, ou rete nan yon kay tanporèman, nan yon motèl,abri oubyen kan? Si ou pa gen yon kay fiks, pwojè ACCESS ede timoun ki pa gen kay pèmanan rete nan lekòl ak sèvis, pwovizyon, inifòm, materyèl e transpòtasyon, elatriye. Pou plis enfòmasyon, rele: 337-8696, oubyen vizite: <http://learn/dept/stusvc/SWAT/> epi klike sou “Project ACCESS”.

Ki egzamen pitit mwen gen pou fè?

Panna pitit ou lekòl, li gen pou fè plizyè egzamen estandadize, ki konprann FCAT nan klas 3yèm pou 11yèm ane. Egzamen sila yo moutre kijan pitit pwogrese pa rapò ak lòt timoun ki nan menm ane eskolè. Egzamen yo ede pwofesè idantifye kote elèv yo fò e kote yo fèb, konsa li ka founi plis opòtinite akademik ki apwopriye. Rezilta tout evalyasyon yo disponib pou paran.

CELLA Evalyasyon konpreyansif pou konpetans an anglè	K – 12 (pou elèv nan pwogram ESOL)	lekti, ekriti, ekout ak pale
CCE Egzamen pou klas òdinè*	K – 12	matyè seleksyonnen
EOC Egzamen final yo**	9 – 12 (pou klas presi)	Aljèb I, Jeyometri, Byoloji
FAIR Evalyasyon Florid pou enstriksyon an lekti	K – 5	lekti (zye ouvè sou fonèm, dekodaj, fasilite nan lekti, vokabilè ak konpreyansyon)
FCAT	3-10	lekti (klas 3-10) matematik (klas 3-8) ekriti (klas 4,8,10) syans (klas 5, 8)
Stanford	K, 1 & 2	lekti, matematik

*Distri a gentan inisye egzamen pou klas òdinè pou sèten klas. Sa vle di tout elèv ki swiv sèten klas seleksyonnen pral tout fè menm egzamen trimestriyèl.

**Depatman edikasyon Florid gentan mete an plas egzamen final yo pou pwogram evalyasyon Leta. Elèv ki antre nan klas 9^{yèm} ane pral bezwen reyisi EOC pou Aljèb I pou yo ka diplomen, epi elèv ki enskri nan Byoloji ake Jewometri pral fè EOC Leta (k ap konte 30% nòt final a yo).

Kijan paran ka ede?

Gwoup paran-pwofesè

Patisipe nan yon gwoup paran-pwofesè se yon fason enpòtan pou ou enplike nan lekòl pitit ou. Se yon patenarya ki pèmèt fanmi ak pèsònèl lekòl travay tèt ansanm pou pwomouvwa pwogrè elèv yo.

Konsèy konsiltatif lekòl (SAC)

Chak lekòl gen yon Konsèy konsiltatif lekòl (SAC) ki konprann paran, pwofesè, dirèktè, pèsònèl sipò, moun zafè ak manm nan konminote a. SAC la se responsab pou asiste lekòl nan devlope epi apwouve yon Pwojè pou amelyorasyon lekòl.

Konmite distri eskolè

Distri eskolè a mande paran ak manm nan konminote a pou yo enplike nan devlope politik ak pwosedi pou amelyore distri a. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sitwèb distri a: www.leeschools.net, oubyen rele biwo Konsèy eskolè a nan 337-8303 ou 337-8304.

Benevòl

Benevòl fè yon pati enpòtan nan reyisit chak lekòl. Paran gendwa jwe yon wòl aktif nan edikasyon pitit yo. Gen plizyè opòtinite pou fè benevola nan lekòl: asistan nan klas, èd an enfòmasyon, asistan nan medyatèk, chapewon, patnè nan konminote oubyen biznis. Pou aprann plis konsènan opòtinite pou fè benevola, kontakte lekòl pitit ou.

Edikasyon pou paran

Lekòl ofri atelye pou ede paran aprann sa yo bezwen pou pi byen asiste pitit yo reyisi nan lekòl la. Se pou ou veye bilten lekòl pou plis enfòmasyon oubyen kontakte lekòl pitit ou.

Kòd

Kondwìt

pou

Elèv

NOU ANKOURAJE TOUT MOUN POU LI EPI DEVLOPE YON BON KONPRANN KÒD KONDWIT POU ELÈV

ENTWODIKSYON

Distri eskolè nan konte Lee angaje nan vin yon sistèm eskolè nan echèl mondyal ki ensiste sou amelyore pèfòmans elèv yo pou tout elèv ka satisfè ou depase kritè rigorè. Se avèk vizyon sila a an tèt, Distri eskolè nan konte Lee devlope *Kòd kondwit pou elèv* pou konminike klèman atant konpòtman ki nesèsè pou gade yon anviwonman aprantisay sekirite e sistematik.

NOTE: Se deyò pòte manyèl sila a pou idantifye tout pwojè lalwa, règ ak règleman leta a pètinan, nitou tout politik Distri eskolè nan konte Lee ki gendwa aplike a yon ka disiplinè espesifik.

PÒTE OTORITE

Dirèktè a gen dwa nèt pou detèminen akizasyon lenkondwit apwopriye e nivo enfraksyon an dapre fè ak sikonstans ensidan an.

Kòd kondwit pou elèv la se aplikab a tout elèv ki enskri nan Distri eskolè nan konte Lee.

Pwojè lalwa Florid, seksyon 1003.31, di tout elèv enskri nan Distri eskolè nan konte Lee sijè a pwojè lalwa, règ, règleman ak politik leta Florid epi Distri eskolè nan konte Lee, toutan:

1. yon elèv vin sou pwopriyete Konsèy eskolè a;
2. yon elèv ap asiste lekòl;
3. yon elèv prezime dapre lalwa asiste lekòl;
4. yon elèv ki transpòte ale ou sòti lekòl oubyen yon evenman patwonnen pa lekòl epi finanse avèk fon piblik oubyen fon lekòl la; epitou,
5. yon elèv ki asiste oubyen patisipe nan yon aktivite ki patwonnen pa lekòl la.

Pwojè lalwa sila a fè konnen tou, pannan toutan sa, elèv la sijè a kontwòl ak direksyon imedya pwofesè, manm pèsonèl oubyen chofè otobis ki resevwa responsablite a nan men dirèktè lekòl la oubyen yon moun ki deziyen pa dirèktè lekòl la.

PÒTE OTORITE PÈSONÈL LEKÒL LA

Otorite pwofesè a delimite nan pwojè lalwa Florid seksyon 1003.32, ki bay pwofesè ak lòt manm pèsonèl otorite pou kontwòl epi disipline elèv yo ki anba responsablite yo sou kanpis lekòl la osiyouke lòt kote yo gen responsablite pou veye elèv yo. **Lalwa atann epi egzije elèv yo** obeyi demann epi swiv direktiv tout pwofesè, manm pèsonèl lekòl, benevòl ak chapewon toutan yo sou pwopriyete Konsèy eskolè a, oubyen lòt kote kote yo anba sipèvizyon dirèk pèsonèl Konsèy eskolè a. **Pwofesè pral fè tout efò rezonab** pou kontwòl deblozay nan sal klas la oubyen move konpòtman elèv yo. Sepandan, si yon deblozay ou move konpòtman pèsiste, pwofesè a pral dirije elèv la bay yon administratè apwopriye avèk yon deskripsyon ensidan **alekri sou fòm Rekòmandasyon disiplinè ki founi pa administratè a.**

Elèv gendwa sijè a disiplin pou vyolasyon kòd la menmsi kondwit sila a gentan rive sou pwopriyete ki pa kontwòl ni pou konsèy eskolè, men ki liye ak aktivite ou ensidan ki te gentan rive sou pwopriyete ki kontwòl oubyen ki pou konsèy eskolè a, oubyen kondwit ki, kelkeswa kote li rive, dirije kont yon ofisye ou anplwaye konsèy la, oubyen pwopriyete yon tèl ofisye ou anplwaye.

NOTE: Pwojè lalwa Florid seksyon 1003.32, bay pwofesè ak lòt pèsònèl enstriksyonèl dwa pou sèvi ak fòs rezonab pou pwoteje tèt yo oubyen lòt moun kont blesi, lòfini pou akize fòmèlman yon elèv si yon zak kriminel gentan fèt sou pwopriyete lekòl, sou transpòtasyon ki patwonnen pa lekòl oubyen pannan yon aktivite ki patwonnen pa lekòl.

NOTE: Pwojè lalwa Florid seksyon 1006.09, di pèsònèl lekòl sèlman bezwen yon «soupson rezonab» pou fouye kazye ou tout lòt espas depo. Anplis, aprè konsiltasyon ak administratè nan nivo distri a, kenepòt dirèktè lekòl gendwa mande ajans lapolis pou mennen inite kanin ki antrennen pou depiste dwòg ilisit ak kontrabann sou kanpis lekòl. Kenepòt lè yon tèl fouy kanin pral fèt, moun yo pral òganize pou deranje enstriksyon mwens posib pannan jounen lekòl la. Chen sila yo gendwa sèvi pou fouye machin oubyen kazye yon elèv si dirèktè lekòl la gen yon soupson rezonab ke fouy a pral rezilte nan dekouvri yon vyolasyon lalwa oubyen kòd kondwit pou elèv. Chen yo gendwa sèvi tou pou fouye o aza machin oubyen kazye elèv yo.

NOTE: Pwojè lalwa Florid seksyon 1003.32, otorize pwofesè pou wete tout elèv ki fè wòklò, fè deblozay ou fè abi, osibyenke tout elèv ki anpeche yon fason repete pwofesè a pou konminike avèk klas la oubyen ki anpeche lòt elèv yo pou aprann.

NOTE: Pwojè lalwa Florid seksyon 1006.11(2), fè konnen dirèktè lekòl, pwofesè oubyen lòt manm pèsònèl, ou chofè otobis pa reskonsab sou plan sivil oubyen kriminel pou tout zak li fè ki konfòm ak règleman Konsèy eskolè a konsènan kontwòl, disiplin, sispansyon oubyen ekspilsyon elèv yo, sòf nan ka kote li aplike fòs ekseksif, oubyen pinisyon kriyèl ki pa komen.

NOTE: Dirèktè lekòl yo, lè yo akite devwa yo daprè lalwa, pral siprime ou raple tout liteyati yo konsidere prensipalman komèsyal oubyen matyè ki gendwa mete an danje bon operasyon lekòl la.

POLITIK NON DISKRIMINASYON

Distri eskolè nan konte Lee pa diskrimine poutèt sèks, ras, koulè, relijyon, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal ou etnik, eta sivil, oubyen enfimite nan founi pwogram edikasyonèl, nitou nan aktivite anplwa ou benefis li opere, epi sila a daprè egzijans nan Tit IX, Tit VI, Tit VII pwojè lalwa kont diskriminasyon poutèt laj (1967), lòfini seksyon 504 nan pwojè lalwa sou reyadaptasyon (1973, 1992), epitou pwojè lalwa pou Ameriken avèk enfimite ak pwojè lalwa Florid pou Ekite nan edikasyon (1984). Politik sila a se pou ni anplwa ni admisyon nan Distri eskolè nan konte Lee. Demann pou ransèyman konsènan Tit IX, Tit VI, Tit VII, pwojè lalwa kont diskriminasyon poutèt laj (1967) ak seksyon 504, oubyen pwojè lalwa pou Ameriken avèk enfimite ta dwè adrese a dirèktè Estanda pwofesyonèl ak ekite e/ou Depatman Sèvis pou etidyan. Fòm ak pwosedi pou griyèf ak plent disponib nan biwo Estanda pwofesyonèl ak ekite, biwo Sèvis pou etidyan, oubyen nan men kòwòdonatè ekite nan chak lekòl. Plent konsènan vyolasyon politik sila a ta dwè adrese a dirèktè Estanda pwofesyonèl ak ekite e/ou Depatman Sèvis pou etidyan. Plent/demann pou ransèyman konsènan konfòmite avèk règleman sila yo gendwa soumi alekri bay kòwòdonatè ekite nan lekòl ou.

**Pwoblèm ekite konsènan elèv
Sèvis pou etidyan
Distri eskolè nan konte Lee
2855 Colonial Boulevard
Fort Myers, FL 33966
(239) 337-8181
TTD/TTY (239) 335-1512**

**Pwoblèm ekite konsènan anplwaye
Dirèktè Estanda pwofesyonèl ak ekite
Distri eskolè nan konte Lee
2855 Colonial Boulevard
Fort Myers, FL 33966
(239) 337-8330
TTD/TTY (239) 335-1512**

Pwojè lalwa Florid pou ekite entèdi diskriminasyon poutèt ras, orijin etnik, orijin nasyonal, sèks, enfimite ou eta sivil kont yon elèv oubyen yon anplwaye nan yon sistèm edikasyon piblik nan leta Florid [1000.05 F.S.].

POLITIK KONSÈNAN DOLEYANS POUTÈT DISKRIMINASYON

Si yon elèv santi gen moun ki diskrimine kont li menm, li gendwa fè apèl pou kenepòt desizyon ki fèt baze sou kenepòt politik oubyen pwosedi. Prenmyèmman, elèv la sipoze pale ak pwofesè li, kòwòdonatè ekite nan lekòl la oubyen konseye lekòl la. Si konfli a toujou egziste, elèv la sipoze pale ak administratè lekòl la. Si li pa rezoud pwoblèm nan, elèv la gendwa fè apèl a dirèktè adjwen Sèvis pou etidyan nan 337-8181. Aprè ankèt nan nivo sila a, si elèv la toujou pa satisfè, li gendwa soumèt yon apèl alekri bay Dirèktè zafè akademik: 2855 Colonial Boulevard, Fort Myers, FL 33966; answit, Dirèktè chèf lekòl yo, epi finalman Konsèy eskolè a nan konte Lee.

Si elèv la santi li pa satisfè nan nivo lokal, elèv la gendwa kontakte Depatman edikasyon Etazini: *U.S. Department of Education, Office for Civil Rights, Atlanta Office, Southern Division, 61 Forsyth Street, S.W., Suite 3b70, Atlanta, GA 30303-8909.*

KAPONNAJ/ARASMAN

Distri eskolè a p ap sipòte kaponnaj ou arasman nan kenepòt fòm. Tout moun ki travay epi aprann nan Distri eskolè nan konte Lee gen dwa santi li respèkte, sekirite epi san danje kit nan lekòl kit nan aktivite lekòl. Se enpòtan pou ou rapòte tout enstans kaponnaj ou arasman. Ou gendwa fè yon rapò yon vèbal oubyen alekri. Pèsonel apwopriye pral envestige tout rapò kaponnaj ak arasman. Gen konsekans ki aplike dapre matris disiplin nan ki nan otorite lekòl la pou chak aksyon kaponnaj ou arasman.

Konsekans disiplinè e entèvansyon ape aplike pou elèv yo ki fè zak kaponnaj ou arasman. Objèktif entèvansyon sila yo se pou chanje konpòtman elèv la. Entèvansyon gendwa enkli antwòt enstriksyon konsènan ladrès sosyal, sipò konpòtman, konsèy, ak konferans ake paran.

NOTE: Pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.147, defann kaponnaj ou arasman kenepòt elèv ou anlwaye yon enstitisyon edikasyonèl K-12. Politik ak pwosedi distri a delimite nan politik konsèy eskolè 4.141.

NOTE: “Elèv ki gen yon orijin nasyonal minorite oubyen ki manke konpetans anglè pa ka sijè a mezi disiplinè poutèt yo sèvi ake yon lòt lang apa anglè” Konsèy eskolè Leta – Regleman 6A-6.0908(3).

Kaponnaj:

Kaponnaj se lè yon moun fè yonn ou plizyè elèv ou anlwaye mal fizikman oubyen sikolojikman yon fason sistematik e kwonik. Kipizèt, li ka defini kòm kenepòt konpòtman non dezire e repete alekri, vèbal ou fizik, sa enkli kenepòt jès menasan, ensiltan ou dezimanizan nan men yon elèv ou granmoun, ki sevè ase pou kreye yon anviwonman edikatif ki entimide, ki ostil oubyen ki ofansiv; pou koze jenn oubyen imilyasyon; pou anpeche yon fason ki pa rezonab pèfòmans ou patisipasyon yon moun nan lekòl; epi sa gendwa konprann antwòt:

- | | |
|--------------------------|-------------------------------------|
| • takinen | eksklizyon sosyal |
| • menas | entimidasyon |
| • trakase | vyolan fizik |
| • vòl | imilyasyon piblik |
| • destriksyon pwopriyete | sibèkaponnaj (pa mwayen entènèt la) |

Arasman:

Arasman konprann kenepòt jès menasan, ensiltan ou dezimanizan, ou kenepòt itilizasyon donne ou lojisyèl òdinatè, oubyen kenepòt kondwit ou alekri, ou vèbal, ou fizik ki 1) bay yon elèv ou yon anlwaye lekòl lakrent ase pou pèsone li ou pwopriyete li; 2) gen pou efè entèfere yon fason konsiderab ake pèfòmans edikatif ou opòtinite yon elèv; ou, 3) gen pou efè deranje yon fason konsiderab operasyon nòmal yon lekòl ki enkli kenepòt kondwit dirije kont yon moun espesifik ki lakoz yon detrès emosyonèl pou moun nan epi li pa sèvi yon bi lejitim.

Arasman sèksyèl:

Arasman sèksyèl konprann kenepòt avans sèksyèl ki pa swete, kondwit fizik ki gen motif sèksyèl, demann pou favè sèksyèl, oubyen lòt kondwit ou konminikasyon vèbal ou fizik ki gen nati sèksyèl lè soumisyon a kondwit sila a sèvi kou faktè pou fè desizyon konsènan opòtinite edikasyonèl, rekonpans, kanè nòt, lòfini lòt opòtinite founi nen men distri eskolè a. Men kèk egzanp kondwit ki gendwa fè pati nan arasman sèksyèl:

- lè ou touche kò ou yon fason sèksyèl, oubyen ou pale konsènan eksplwa sèksyèl devan lòt moun;
- lè ou blije ou fòse, oubyen ou tante blije ou fòse yon moun touche pati entim yon lòt moun;
- lè ou bay blag ou fè jès ki gen nati sèksyèl;
- grafiti, nòt oubyen bann desinen ki gen nati sèksyèl;
- lè ou fòse oubyen ou tante fòse ou blije yon moun gen rapò sèksyèl ou fè zak sèksyèl sou yon lòt moun;
- lè ou touche, teke, pichkannen ou gen kontak fizik ak yon moun yon fason ki pa swete, sòf lè pèsonel lekòl kenbe yon elèv nan efò pou anpeche li fè mal a lòt moun oubyen pwopriyete;
- postè grafik oubyen kouvèti liv ki gwosye;
- zak vyolan;
- konpòtman oubyen pawòl sèksyèl ki pa swete, sila a konprann demann pou favè sèksyèl, ki akonpaye ak pwomès deklare oubyen enplike pou tretman favorab konsènan anlwa oubyen estati edikasyonèl yon moun.

Kaponnaj ou arasman poutèt ras oubyen koulè:

Arasman rasyal ou kaponnaj konprann zak fizik ou vèbal poutèt ras ou koulè yon moun, lè:

1. kondwit la sèvè, pèsistan oubyen gaye ase pou anpeche yon elèv benefisyè ou patisipe nan yon pwogram ou aktivite edikasyonèl, oubyen ase pou kreye yon anviwonman edikasyonèl ki gendwa mennen a entimidasyon, menas ou abi;
2. kondwit la gen pou bi oubyen efè mele yon fason konsiderab ou derezonab ak pèfòmans akademik yon moun;
3. kondwit la mele yon fason negatif ak opòtinite yon moun pou aprann.

Men kèk egzanp kondwit ki gendwa fè pati nan kaponnaj ou arasman poutèt ras oubyen koulè:

- grafiti ki gen langaj rasis;
- jouman, blag oubyen tripotay;
- menas oubyen kondwit dirije sou yon lòt moun poutèt ras ou koulè li;
- nòt oubyen bann desinen;
- enji rasis, etikèt negatif ak zak ostil ki baze sou ras oubyen koulè yon lòt moun;
- tèks oubyen grafik ki gen kontni rasyal ki sikile ou afiche, lòfini ki gen bi degrade moun oubyen manm yon klas pwoteje;
- yon aso oubyen yon zak agresyon mennen kont yon lòt moun poutèt ras ou koulè moun nan, oubyen ki ka relye yon fason rezonab avèk ras ou koulè moun nan;
- lòt zak agresyon tankou vòl oubyen vandalis ki motive pa ras ou koulè yon moun.

Kaponnaj ou arasman poutèt orijin nasyonal oubyen etnik:

Arasman poutèt orijin nasyonal oubyen etnik konprann zak fizik ou vèbal ki relye avèk orijin etnik ou peyi orijin moun nan oubyen peyi orijin paran, fanmi ou zansèt moun nan, lè:

1. kondwit la sèvè, pèsistan oubyen gaye ase pou anpeche yon elèv benefisyè ou patisipe nan yon pwogram ou aktivite edikasyonèl, oubyen ase pou kreye yon anviwonman edikasyonèl ki gendwa mennen a entimidasyon, menas ou abi;
2. kondwit la gen pou bi oubyen efè mele yon fason konsiderab ou derezonab ak pèfòmans akademik yon moun;
3. kondwit la mele yon fason negatif ak opòtinite yon moun pou aprann.

Men kèk egzanp kondwit ki gendwa fè pati nan kaponnaj ou arasman poutèt orijin nasyonal oubyen etnik:

- grafiti ki gen langaj ki derespèkte ou denigre yon moun poutèt orijin nasyonal ou etnik li;
- menas oubyen kondwit dirije sou yon lòt moun poutèt orijin nasyonal ou etnik li;
- jouman, blag oubyen tripotay ki baze sou orijin nasyonal ou etnik yon moun;
- enji rasis, etikèt negatif ak zak ostil ki baze sou orijin nasyonal ou etnik yon lòt moun;
- tèks oubyen grafik ki gen kontni baze sou orijin nasyonal ou etnik yon moun ki sikile ou afiche, lòfini ki gen bi degrade moun oubyen manm yon klas pwoteje;
- yon aso oubyen yon zak agresyon mennen kont yon lòt moun poutèt orijin nasyonal ou etnik moun nan, oubyen ki ka relye yon fason rezonab avèk orijin nasyonal ou etnik moun nan;
- lòt zak agresyon tankou vòl oubyen vandalis ki motive pa orijin nasyonal ou etnik yon moun.

Kaponnaj/arasman poutèt enfimite:

Arasman poutèt enfimite yon elèv konprann zak fizik ou vèbal ki relye avèk enfimite fizik ou mantal yon moun, lè:

1. kondwit la sèvè, pèsistan oubyen gaye ase pou anpeche yon elèv benefisyè ou patisipe nan yon pwogram ou aktivite edikasyonèl, oubyen ase pou kreye yon anviwonman edikasyonèl ki gendwa mennen a entimidasyon, menas ou abi;
2. kondwit la gen pou bi oubyen efè mele yon fason konsiderab ou derezonab ak pèfòmans akademik yon moun;
3. kondwit la mele yon fason negatif ak opòtinite yon moun pou aprann.

Men kèk egzanp kondwit ki gendwa fè pati nan kaponnaj ou arasman poutèt enfimite:

- grafiti ki gen langaj ki derespèkte ou denigre yon moun poutèt enfimite fizik ou mantal li;
- menas oubyen kondwit dirije sou yon lòt moun poutèt enfimite fizik ou mantal li;
- jouman, blag oubyen tripotay ki baze sou enfimite fizik ou mantal yon moun;
- enji, etikèt negatif ak zak ostil ki baze sou enfimite fizik ou mantal yon lòt moun;
- tèks oubyen grafik ki gen kontni baze sou enfimite fizik ou mantal yon moun ki sikile ou afiche, lòfini ki gen bi degrade moun oubyen manm yon klas pwoteje;
- yon aso oubyen yon zak agresyon mennen kont yon lòt moun poutèt enfimite fizik ou mantal moun nan, oubyen ki ka relye yon fason rezonab avèk enfimite fizik ou mantal moun nan;
- lòt zak agresyon tankou vòl oubyen vandalis ki motive pa enfimite fizik ou mantal yon moun.

Si gen pawòl oubyen zak ki fè ou santi ou pè oubyen pa konfòtab, ou bezwen di yon pwofesè, yon konsèyè, dirèktè a ou kòwòdonatè ekite a.

Ou gen dwa fè yon plent alekri; ou ta dwè renmèt li bay yon pwofesè, yon konsèyè, dirèktè a ou kòwòdonatè ekite a.

N ap respektè dwa pou vi prive ou otanke posib.

Nou pran oserye tout rapò arasman sèksyèl, kaponnaj ak arasman baze sou ras, koulè, orijin nasyonal ak enfimite, lòfini n ap pran mezi apwopriye pou envestige tout plent yo pou elimine kaponnaj ou arasman an epitou pou disipline kenepòt moun ki angaje nan tèl enkonndwit. Distri eskolè a pral egalman pran mezi apwopriye si yon moun tante kaponnen ou oubyen fè ou mal poutèt ou pòte plent.

ARASMAN SÈKSYÈL AK ARASMAN BAZE SOU RAS, KOULÈ, ORIJIN NASYONAL, OU ENFIMITE SE KONT LALWA A. DISKRIMINASYON BAZE SOU RAS, KOULÈ OU ORIJIN NASYONAL SE KONT LALWA A.

PATISIPASYON NAN AKTIVITE PARASKOLÈ AK VWAYAJ EDIKATIF KI PATWONNEN PA LEKÒL

Aktivite paraskolè gendwa enkli aktivite kòm: reyinyon klèb, evennman espòtif, seremoni gradyasyon, espektak, reprezantasyon, vwayaj edikatif, dans, bal, elatriye.

Patisipasyon nan aktivite paraskolè ou espòtif ki patwonnen pa lekòl la se yon privilèj. Aktivite sila yo fè konpozant enpòtan nan pwogram edikasyonèl total nou. Patisipasyon nan aktivite paraskolè ki patwonnen pa lekòl egzijje yon pi gran nivo angajman, enèji ak matirite.

Distri eskolè nan konte Lee eseye tabli yon estanda ekselans pi elve pou elèv ki patisipe nan aktivite sila yo. Elèv ki patisipe nan aktivite sila yo reprezante lekòl nou, vwazinaj nou, konminote nou, leta nou, epi byen souvan nasyon nou. Estanda konpòtman sipoze demontre fyète, politès ak responsablite. Tout elèv ki patisipe nan aktivite paraskolè ak vwayaj edikatif dwè respekte kalite kondwit ki egzije dapre .

Fanmi ak elèv ta dwè pale seryèzman sou enpak tan, enèji ak matirite siplemantè egzije pou patisipe nan aktivite sila yo, epitou regleman elijiblite, ki rès anpil, elèv yo dwè satisfè pou rete kalifye pou patisipe nan aktivite sila yo.

NOTE: Si yon elèv gentan jije koupab yon krim oubyen yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, menmsi jijman an difere, patisipasyon elèv la nan aktivite paraskolè pral sispann pou rès ane eskolè a.

NOTE: Distri eskolè a chache jwenn epi idantifye tout moun avèk enfimite ki kalifye ki aje ant 3 ak 20 an. N ap founi bay tout moun elijib pou sèvis pou elèv ak bezwen espesyal yon edikasyon gratis epi apwopriye. Distri a pa p bare pyès moun ak enfimite pou patisipe nan ou pou resevwa benefis nan kenepòt pwogram ou aktivite distri a poutèt enfimite li sèlman. Nitou distri a pa p kite pyès moun vin sijè diskriminasyon nan kenepòt pwogram ou aktivite distri a poutèt enfimite li sèlman. Si ou kwè politik sila a gentan vyole, tanpri kontakte kowòdonatè ekite nan lekòl la oubyen dirèktè adjwen Sèvis pou etidyan nan: 337-8181.

DWA AK RESKONSABLITE ELÈV YO

Elèv ki asiste lekòl piblik nan konte Lee gen dwa yon edikasyon ki gratis epi apwopriye, sa ki enkli dwa opòtinite edikasyonèl egalego kelkeswa ras, orijin nasyonal, sèks, enfimite ou eta sivil yo. Deklarasyon swivan konsènan dwa ak responsablite se pou sèvi kòm gid baze sou prensip jeneral epi rekonesans ak sipò, nan Distri eskolè nan konte Lee, konsèp ki di elèv sipoze sitwayen responsab ki gen garanti sèten dwa.

Elèv yo gen dwa:

- yon anviwonman aprantisay ki sekirite e disipline;
- resevwa yon tretman ak onnè ak respè;
- esprime opinyon ak pwendvi pèsonèl yo;
- seyans piblik pezib;
- lavi prive sekirite;
- limite aksè a dosye elèv yo;
- enfòmè konsènan regleman sou kondwit; epi,
- tretman ki rezonab e jis.

NOTE: Dwa sila yo pa absolwi epi y ap limite lè se nesèsè pou bon fonksyonman lekòl, e/ou pou anpeche mal oubyen blesi/domaj a moun e/ou pwopriyete.

Responsablite yon elèv konprann trè karaktè ki mansyonnen nan pwogram etid sou karaktè nan Distri eskolè nan konte Lee. Tout elèv dwè demontre trè karaktè sila yo pannan yo lekòl epi lè y ap patisipe nan aktivite paraskolè epi nan vwayaj edikatif: responsablite, tolerans, respè, sitwayènte/patriyotis, jantiyès/konpasyon, angajman, onèkte, kouray, entegrite, sanfwa ak kowòperasyon. Anplis, elèv yo gen responsablite pou:

- asiste lekòl regilyèman;
- respekte pwopriyete lekòl la ak pwopriyete lòt moun yo;
- respekte dwa pou vi prive lòt moun yo;
- gen nan posesyon yo sèl bagay lalwa e/ou regleman ak politik Konsèy eskolè a pèmèt yo genyen;
- koute yon fason respektye opinyon ak pwendvi lòt moun yo;
- vini nan sal klas la avèk tout materyèl nesèsè, pare pou aprann;

- pwofite toutbon avèk chak opòtinite pou aprann;
- siyale yon granmoun reskonsab konsènan tout sitirasyon danjere;
- trete lòt moun avèk respè epi pa diskrimine kont lòt moun poutèt ras, orijin etnik, sèks, kwayans, eta sivil, ou enfimite;
- kenbe yon estanda pèfòmans akademik ki egalego ak ladrès yo;
- pa pibliye bagay ki difamatwa oubyen malpwòp; epi
- pa bay oubyen pran poul.

PREZANS

Lekòl konte prezans elèv la si li la aktyèlman lè l ap pran prezans, oubyen si li absan nan lekòl yon jou lekòl men l ap patisipe nan yon aktivite edikasyonèl ki fè pati nan pwogram enstriksyonèl ki apwouve pou elèv la (Pwojè lalwa Florid, seksyon 1003.23).

ESTANDA POU PREZANS NAN LEKÒL

- A. Tout elèv fèt pou yo prezans nan lekòl epi pou yo alè chak jou lekòl la ouvè pannan ane eskolè a.
- B. Elèv yo pa gendwa absan nan lekòl san dizon dirèktè oubyen dirèktè deziyen.
 1. Dirèktè lekòl oubyen dirèktè deziyen se sèl moun otorize pou ekskize absans yon elèv nan lekòl.
 2. Yon nòt oubyen yon apèl nan men paran se sèlman yon demann pou ekskize absans elèv la.
 3. Lè yon elèv gentan akimile yon eksès absans (tèlke delimitè pou chak nivo) epi elèv la rive gen absans ankò poutèt li malad, paran/gadyen dwè renmèt yon nòt nan men doktè a pou verifike maladi a (Politik Konsèy eskolè 4.16).
 - 5 jou nan lespas yon mwa oubyen 10 jou nan lespas 90 jou.
- C. Sis (6) reta pa trimès pou lekòl oubyen pou yon klas se konsidere reta abityèl.

RATRAPAJ

- A. Yon elèv ki absan, epi absans lan konsidere kòm jistifye dapre politik Konsèy eskolè 4.16, dwè ratrape tout travay li manke. Se reskonsablite elèv la pou chache tout travay li manke fè nan men pwofesè a/yo osito li tounen lekòl aprè yon absans. Li pa ka resevwa yon penalite akademik, sòf si li pa fin ratrape nan yon delè rezonab.
- B. Pwofesè a pral travay ansanm avèk elèv la pou ede li ratrape kenepòt devwa, evalyasyon, travay, elatriye pou absans ki jistifye.
- C. Osito li tounen lekòl aprè yon absans, elèv la ap resevwa yon delè ki egale kantite jou li manke plis yon jou pou renmèt travay ratrapaj la san penalite.

NOTIFIKASYON DWA SOU PWOJÈ LALWA FERPA POU LEKÒL ELEMANTÈ E SEGONDÈ

Pwojè lalwa sou lavi prive ak dwa edikasyonèl pou fanmi (*Family Educational Rights and Privacy Act*) (FERPA) akòde paran ak elèv ki gen plis pase 18 an (« elèv elijib ») sèten dwa konsènan dosye edikasyonèl elèv la:

1. Dwa pou enspekte ou egzamine dosye edikasyonèl elèv la anvan 30 jou depi jou distri eskolè a resevwa yon demann pou aksè.

Paran oubyen elèv elijib ta dwè voye bay dirèktè lekòl la (oubyen ofisye apwopriye nan lekòl) yon demann alekri ki idantifye ki dosye li vle gade. Dirèktè a pral fè aranjman pou yo gen aksè, lòfini l ap notifie paran yo oubyen elèv elijib la kilè ak kikote li gendwa gade dosye a.

2. Dwa pou mande yon amannman nan dosye edikasyonèl elèv la lè paran oubyen elèv elijib la kwè gen done ki pa egzakt oubyen ki twonpè.

Paran oubyen elèv elijib yo gen dwa mande dirèktè lekòl la pou amande yon rejis yo kwè ki pa egzakt oubyen ki twonpè. Yo ta dwè ekri dirèktè lekòl la, epi idantifye klèman kisa nan dosye a yo vle fè amande epi rezon poukisa li pa egzakt oubyen twonpè.

Si dirèktè lekòl la deside pou li pa amande dosye a, jan paran oubyen elèv elijib mande, dirèktè lekòl la pral notifie paran ou elèv elijib konsènan desizyon an, epi enfòmè li sou dwa li pou gen yon chitatanje konsènan demann amannman an. Paran oubyen elèv elijib la pral resevwa plis enfòmasyon konsènan pwosedi chitatanje a lè dirèktè lekòl la notifie l konsènan dwa li pou gen yon chitatanje.

3. Dwa pou bay dizon pou devwale enfòmasyon ki genyen nan dosye elèv la ki idantifye elèv la pèsònèlman, sòf nan mezi kote FERPA otorize devwalman san dizon.

Yon eksepsyon, ki otorize devwalman san dizon, se lè ofisye lekòl gen yon enterè edikasyonèl lejitim. Yon ofisye lekòl se yon moun ki anplwaye pa distri eskolè a kòm administratè, sipèvizè, enstriktè, pèsònèl soutyen (ki konprann pèsònèl

medikal ak pèsònèl lapolis); yon manm Konsèy eskolè a; yon moun ou yon konpayi ki gen kontra avèk distri a pou fè yon tach espesyal tankou yon avoka, oditè, konsiltan medikal oubyen yon terapès.

Yon ofisye lekòl gen yon enterè edikasyonèl lejitim si ofisye a bezwen egzaminen dosye a pou akonpli responsablite pwofesyonèl li.

Distri a devwale dosye edikasyonèl san dizon lè yon lòt distri eskolè a mande sa pou yon elèv ki chache ou gen entansyon enskri nan lòt distri a.

4. « Repètwa ransèyman pèsònèl » konprann non elèv la, adrès, nimewo telefòn, adrès kouriyèl, fotograf, dat ak lye nesans, dat li asiste lekòl, klas lekòl li a, patisipasyon nan aktivite ak espò ofisyèl, pezanntè ak wotè manm ekip espòtif, diplòm, mansyon onorifik, distenksyon, enstitisyon ou ajans edikatif ki pi resan, nimewo idantite elèv, non itilizatè, oubyen lòt idantifikatè inik ki ka sèvi pou konminike ant sistèm elektwonik ki pa ka itilize pou aksede dosye edikatif san yon NIP, mopas, elatriye (nimewo sekirite sosyal elèv la pa ka sèvi pou fen sila yo an pati oubyen an ankè).

Paran/gadyen elèv la dwè notifiye lekòl la konsènan preferans yo kanta devwalman « repètwa ransèyman pèsònèl » lè yo ranpli paj pèmisyon yo nan devan *Kòd kondwit pou elèv*. Lè paran/elèv resevwa *Kòd kondwit pou elèv*, yo dwè retounen imedyatman paj pèmisyon yo bay lekòl la.

Sizoka yonn nan de ti bwat pa tcheke konsènan repètwa ransèyman pèsònèl elèv la sou paj pèmisyon an, lekòl la rezève dwa a pou devwale dapre lalwa kenepòt enfòmasyon li konsidere dezirab. Distri eskolè a pibliye nòmman repètwa ransèyman pèsònèl tèlke delimitè anwo pou fen distribisyon nan pami piblik an jeneral.

Politik Konsèy eskolè yo disponib nan chak lekòl pou ede nan entèpretasyon rejis elèv yo.

5. Dapre atik 20, Kòd Etazini, seksyon 7165, Distri eskolè nan konte Lee pral, sou demann, transfere bay kenepòt lekòl elemantè ou segondè, piblik ou prive, kote elèv la chache enskri ou gen entansyon enskri, rejis disiplinè elèv la konsènan ekspilsyon oubyen sispansyon an deyò lekòl.
6. Dwa pou pòte plent avèk Depatman edikasyon Etazini konsènan echèk prezime distri eskolè a nan respekte egzijans FERPA. Non ak adrès biwo ki administre FERPA se:

*Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
600 Independence Avenue, SW
Washington, DC 20202-4605*

NOTIFIKASYON KONSÈNAN DWA PARAN YO

Pwojè lalwa federal e leta akòde paran/gadyen dwa swivan:

1. Dwa pou egzaminen materyèl enstriksyon elèv yo, sa ki konprann manyèl pwofesè, fim, tep oubyen lòt materyèl siplemantè ki itilize an koneksyon avèk kenepòt kontwòl ou evalyasyon kòm pati kenepòt pwogram aplikab (Sous: Pwojè lalwa piblik 103-227 – seksyon 439 ou Pwojè lalwa federal Pwovizyon edikasyonèl jeneral – 31 mas 1994).
2. Dwa pou bay dizon alekri kenepòt lè moun mande yon timoun ki pa emansipe pou li fè yon envantè, analiz oubyen evalyasyon ki devwale enfòmasyon konsènan:
 - afilyasyon politik;
 - twoub sikolojik ou mantal ki gendwa anbarasan pou elèv la oubyen fanmi li;
 - atitud ou konpòtman sèksyèl;
 - konpòtman ki ilegal, antisosyal, konpwometan ou degradan;
 - evalyasyon ki kritike lòt moun avèk ki repondan an gen relasyon fanmilyal pwòch;
 - relasyon legalman privileje ou relasyon fanmilyal, tankou avoka, medsen ak pastè; oubyen,
 - revni (apa sa ki egzije dapre lalwa pou detèminen elijiblite pou patisipe nan yon pwogram oubyen pou resevwa asistans finansye pou yon pwogram) (Sous: Pwojè lalwa piblik 103-227 – seksyon 439 ou Pwojè lalwa federal Pwovizyon edikasyonèl jeneral – 31 mas 1994);
 - pratik relijye, afilyasyon, ou kwayans elèv la ou paran elèv la.
3. Dwa pou egzante elèv yo nan ansèyman senptòm, devlopman ak trètman yon maladi (ki konprann itilizasyon soutyen enstriksyonèl ak lòt materyèl konsènan matyè a, e/ou desen, foto, ou videyo ki anseye konsènan maladi). Elèv la ka egzante si matyè a an konfli ak kwayans relijye elèv la oubyen paran/gadyen elèv la, e/ou li an konfli ak ansèyman enstitisyon relijye elèv la. Lekòl la pral founi yon avi ekri bay paran an avans aktivite sila yo, epi enfòmè paran yo konsènan dwa pou egzante pitit yo. Timoun ki egzante pral resevwa yon devwa altènatif epi yo p ap penalize (Sous: Pwojè lalwa Florid, seksyon 1003.46 & 1003.42).

4. Dwa pou egzante timoun yo nan aktivite enstriksyonèl konsènan lasante repwodiksyon oubyen SIDA a. Lekòl la pral founi yon avi ekri bay paran an avans aktivite sila yo, epi enfòmè paran yo konsènan dwa pou egzante pitit yo. Timoun ki egzante pral resevwa yon devwa altènatif epi yo p ap penalize (Sous: Pwojè lalwa Florid, seksyon 1003.42).

LÈ OU MANDE, LEKÒL PITIT OU PRAL FOUNI OU YON FÒM POU OU KONPLÈTE EPI RETOUNEN BAY LEKÒL LA. FÒM SILA A PRAL ASISTE OU NAN EKZÈSE DWA SILA YO.

KAS BEKÀN

Pwojè lalwa Florid 316.2065 egzije tout moun anba 16 an ki moute bekàn pou mete yon kas ki satisfè kritè *National Standards Institute*. Tout moun anba 16 an ki moute bekàn sou pwopriyete Konsèy eskolè a dwè mete yon kas.

TRANSPÒTASYON NAN OTOBIS

Vwayaje nan otobis se yon privilèj. Dirèktè lekòl ki gen otorite pou sispansyon privilèj transpòtasyon nan otobis la ap resevwa yon rapò konsènan tout elèv ki vyole regleman yo. Sispansyon privilèj transpòtasyon pa vle di sispansyon nan asiste lekòl la tou. Lè yon elèv resevwa yon sispansyon nan otobis la, li toujou egzije asiste lekòl.

Pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.10 bay chofè otobis la otorite pou veye epi kontwòle konpòtman elèv yo kenepòt lè yo nan bis la pou ale/soti nan lekòl oubyen aktivite lekòl.

Regleman sila yo se pou sekirite elèv yo, lòfini se pou tout elèv k ap vwayaje nan yon otobis. Tout regleman sila yo afiche nan chak bis nan Distri eskolè nan konte Lee.

1. Se chofè a ki reskonsab nan bis la, epi tout elèv dwè obeyi chofè a.
2. Elèv yo dwè gade syèj kote yo plase epi gade tèt ak ponyèt yo andan bis la menm an toutan.
3. Manje, bwè oubyen manje chiklèt se entèdi nan otobis lekòl yo.
4. Kenepòt bagay ki menase sekirite elèv yo se entèdi; goumen, gwo mo, langay pou fè moun abi, objè ki gwo ou file, peta, boul, baton, animal ou bokal an kristal.
5. Ou gendwa sèvi ake aparèy MP3 elatriye si ou menm sèl ka tandè li.

Demann pou anbake nan yon diferan otobis oubyen debake nan yon diferan arè


Tout demann pou anbake nan yon diferan otobis oubyen pou debake nan yon diferan arè dwè siyen pa yon paran oubyen gadyen, epitou yo dwè apwouve pa yon administratè otorize nan lekòl.

Demann pou anbake nan yon diferan otobis oubyen pou debake nan yon diferan arè ta dwè apwouve sèlman anka ijans. Nòmalman, elèv yo dwè debake nan menm kote yo anbake.

Anbake nan yon lòt otobis pou ale lakay yon zanmi, pou ale nan travay, pou ale nan klèb prive ou reyinyon ki pa relye ak lekòl, pou ale nan lesòn prive, epi pou lòt bagay pèsònèl **PA P APWOUVE.**

NOTE: Sispansyon privilèj vwayaje nan otobis gendwa rezilte lè yon elèv vyole *Kòd kondwit pou elèv*. Konsekans pou vyolasyon regleman sila yo se pa limite a sispansyon nan otobis, lòt sanksyon ki konprann sispansyon nan lekòl ou ekspilsyon gendwa enpoze lè se merite. Elèv la dwe asiste lekòl kanmenm pannan yon sispansyon nan otobis.

DISTRI ESKOLÈ NAN KONTE LEE, FLORID
ZÒN TRANSPÒTASYON



<u>ZÒN LWÈS</u> (772-2349)	<u>ZÒN SID</u> (495-3700)	<u>ZÒN LÈS</u> *(303-7400) **(303-5999)
Ellen Lucas, Sipèvizè Yvonne Stewart, Asistan sipèvizè *****	Reina Estevez, Sipèvizè Chevone Peterson, Asistan sipèvizè John Walsh, Asistan sipèvizè *****	*Betti Jo Heinkel, Sipèvizè **Randy Teston, Asistan sipèvizè **Dale Maybin, Asistan sipèvizè *****
ALC-West Middle & High Caloosa Elementary Caloosa Middle Cape Elementary Cape Coral High Challenger Middle Diplomat Elementary Diplomat Middle Dr. Carrie D. Robinson Littleton Elementary Gulf Elementary Gulf Middle Hancock Creek Elementary Hector A. Cafferata Jr. Elementary High Tech North Ida S. Baker High Island Coast High J. Colin English Elementary Mariner Middle Mariner High North Fort Myers Academy for the Arts North Fort Myers High Patriot Elementary Pelican Elementary Pine Island Elementary Skyline Elementary Trafalgar Elementary Trafalgar Middle Tropic Isles Elementary	ALC-Central Middle & High Allen Park Elementary Bonita Springs Elementary Bonita Springs Middle Colonial Elementary Cypress Lake Middle Cypress Lake High Dunbar High Edison Park Creative/Expressive Arts Estero High Fort Myers Beach Elementary Fort Myers High Fort Myers Middle Academy Franklin Park Elementary Heights Elementary High Tech Central LAMP Lexington Middle Orangewood Elementary P.L. Dunbar Middle Pinewoods Elementary Rayma C. Page Elementary Ray V. Pottorf Elementary Royal Palm Exceptional Center San Carlos Park Elementary South Fort Myers High Spring Creek Elementary Tanglewood/Riverside The Sanibel School Three Oaks Elementary Three Oaks Middle Villas Elementary	Alva Elementary Alva Middle Bayshore Elementary Buckingham Exceptional Dunbar High (Akademi teknoloji) East Lee County High Edgewood Academy G. Weaver Hipps Elementary Gateway Elementary Harns Marsh Elementary James Stephens International Acad. Lee Middle Lehigh Elementary Lehigh Acres Middle Lehigh Senior High Manatee Elementary Michigan International Academy Mirror Lakes Elementary Oak Hammock Middle Orange River Elementary River Hall Elementary Riverdale High Sunshine Elementary Tice Elementary Treeline Elementary Varsity Lakes Middle Veterans Park Academy for the Arts *Biwo Buckingham **Biwo Lehigh

NOTE: Si ou gen keksyon oubyen sousi konsènan transpòtasyon nan otobis, tanpri kontakte Depatman Transpòtasyon nan 334-0211. Si se aprè è ouvèti, tanpri rele nimewo nan zòn ou ki liste anwo jouk 7è00 diswa.

APARANS ELÈV AK POLITIK ABIMAN

Objèktif kòd abiman an se pou ankouraje elèv yo konsantre sou pwosesis aprantisay san yo pa deranje avèk abiman ou aparans ki pa konvnan. Elèv yo pral mentni yon aparans pwòp e net an toutan.

Reskonsablite pou abiman ak aparans elèv yo ki enskri nan Distri eskolè nan konte Lee rete prensipalman nan men paran/gadyen epi elèv yo menm. Aparans pèsònèl p ap diminye pwosesis edikatif. Yon elèv ki abiye yon jan apwopriye ape demontre respè pou tèt li epi lòt moun tou, lòfini l ape kontribye nan anviwonman aprantisay ak lòd e metòd. Estanda swivan yo se minimòm aseptab pou abiman elèv, lòfini se estanda sila yo ki entèprete epi aplike pa dirèktè lekòl oubyen dirèktè deziyen. Chak dirèktè lekòl gen otorite ansanm avèk pèsònèl ak konminote a, dapre politik Konsèy eskolè nan konte Lee, pou tabli lòt estanda **apa** nan chak lekòl.

Pou lekòl yo ki gen politik inifòm, tanpri gade manyèl elèv la pou regleman sou abiman sipleman nan lekòl sa a.

1. Elèv yo pral mete soulye nan pye an toutan.
2. Abi dwè gen longè ase epi kouvri kò ase pou l ka apwopriye pou lekòl.
3. Pantalon dwè rive nan nivo senti epi byen tache, lòfini pinga ou moutre pyès souvètman.
4. Pinga ou pòte pyès pantalon ki gen twou, ki dechire, si nan jijman dirèktè lekòl la, yo gendwa deranje anbyans lekòl la.
5. Se entèdi pou pòte rad ki espoze souvètman oubyen ki kale kò nan yon manyè ki endesan ou gwosye.
6. Chimiz ou kòsaj dwè fèmen yon fason ki konvnan ak estil chimiz ou kòsaj la. Tout chimiz ou kòsaj pral depase senti a.
7. Se entèdi pou pòte rad ki transparan, ki moutre lestonmak, ki san bretèl, ki dekolte, oubyen kenepòt rad ki kale kò ou ki sigjestif; rad do toutouni, jilè kò (souvètman) ak tout rad ki gendwa distrè se entèdi.
8. Kenepòt rad ou bijou ki gendwa fè moun mal ou koze blesi—pa egzanp chenn, gòmèt, braslè, bag, kolye avèk ou san piki, ou klou dekoratif se entèdi. Chenn pou bous kenepòt longè se entèdi.
9. Se entèdi pou pòte rad avèk anblèm, ensiy, badj ou senbòl ki pwomouvwa itilizasyon tafya, dwòg, tabak ou kenepòt lòt aktivite ilegal.
10. Tatou ki relye ak gang, oubyen lòt kalite tatou ki gendwa deranje anviwonman edikatif tètke detèminen pa dirèktè a se entèdi
11. Rad ou senbòl ki gendwa relye avèk gang sou kazye, machin oubyen lòt kote sou kanpis lekòl la se entèdi.
12. Se entèdi pou mete (pèse) bijou sou kenepòt pati kò a ki vizib apa zòrèy yo, si nan jijman dirèktè lekòl la, yo gendwa blese yon moun, yo ka prezante yon ris sekirite yonn moun, oubyen yo gendwa deranje anbyans lekòl la. Men kèk egzanp bagay ki entèdi: objè ou zanno ki atache a ou ki pèse nen an, sousi a, po figi a, po bouch la, elatriye.
13. Se entèdi pou mete kepi, kaskèt, « kouvretèt » e kapichon, oubyen linèt solèy, sòf sizoka li apwouve pou inifòm lekòl, evennman espòtif ou lòt aktivite. Gendwa sèten eksepsyon pou kondisyon medikal epi pou klas edikasyon fizik ki deyò. Se dirèktè lekòl la k ap detèminen eksepsyon sila yo.
14. Rad avèk eslogan oubyen reklam ki gendwa soulve kontwovès, oubyen ki malpwòp epi ki gendwa deranje anbyans edikasyonèl se entèdi.
15. Koloryaj nan cheve oubyen estil kwafi ki gendwa deranje anviwonman edikatif tètke detèminen pa dirèktè a se entèdi
16. Mayo ki long anpil oubyen ki gwo anpil se entèdi.

PWOSISIS REKÒMANDASYON DISIPLINÈ

PWOSISIS REKÒMANDASYON DISIPLINÈ – Nan kenepòt sitirasyon kote elèv la se akize yon vyolasyon *Kòd kondwit la* oubyen plan disiplin lekòl la, dirèktè a ou dirèktè deziyen an ap tandè eksplikasyon elèv la epi mennen yon ankèt anvan li enpoze kenepòt mezi disiplinè.

- A. Si dapre opinyon dirèktè/dirèktè deziyen, yon elèv ki akize yon vyolasyon *Kòd kondwit la* oubyen plan disiplin lekòl la merite mezi disiplinè ki gendwa enkli sispansyon an deyò lekòl ou ekspilsyon, elèv la ap pwokire dwa fondanatal li konsènan aplikasyon lalwa dapre pwosedi ki etabli. Nivo fòmalitye ki mache kole ak yon konferans sispansyon oubyen yon chitatannde depann de nati ofans lan avèk gravite sanksyon ki ka enpoze kòm rezilta.
- B. Dirèktè oubyen dirèktè deziyen gen dwa sispann yon elèv pou yon peryòd ki pa ka depase dis (10) jou lekòl alafwa. Dirèktè oubyen dirèktè deziyen pral:
 1. Founi elèv la yon okazyon pou eksplike sa k te pase.
 2. Fè yon efò ak tout bon fwa pou enfòmè paran/gadyen elèv la pa telefòn konsènan sispansyon an deyò lekòl la ak rezon pou sispansyon an.

3. Notifye paran/gadyen alekri pa lapòs Etazini anvan 24 è konsènan sispansyon an deyò lekòl ak rezon pou sispansyon an.
4. Founi elèv la yon okazyon pou l ratrape nan travay li manke pannan sispansyon an nan yon delè rezonab.

C. Si li vin nesèsè pou konsidere sispansyon yon elèv nan lekòl pou yon peryòd wit (8), nèf (9) oubyen dis (10) jou lekòl, dirèktè a oubyen dirèktè deziyen pral:

1. Fè yon efò ak tout bòn fwa pou notifye elèv la ansanm ak paran/gadyen elèv la yon fason imedya e alekri konsènan konsiderasyon pou sispansyon.
2. Founi elèv la yon okazyon pou eksplike sa k te pase.
3. Founi chak elèv ki konsidere pou sispansyon yon chitatannde kote tout pati enterese gen yon okazyon sifizan pou prezante ka yo. Desizyon pou sispansyon yon elèv pral fèt swivan chitatannde a epi sèlman si gen prèv sifizan konsènan kilpabilite elèv la.
4. Notifye elèv la ansanm ak paran/gadyen elèv la imedyatman alekri konsènan sispansyon an.

Sitirasyon ijans gendwa enkli antwòt:

1. aso fizik sou yon lòt elèv oubyen yon manm pèsònèl;
2. konpòtman ki poze yon danje evidan e imedya pou sekirite e byennèt elèv ak anplwaye lekòl; epi,
3. yon deblozay ki anpeche bon fonksyonman lekòl.

NOTE: Sèl dirèktè lekòl oubyen dirèktè deziyen gen otorite pou sispansyon yon elèv nan klas oubyen nan lekòl. Dirèktè a gen dwa redwi yon sispansyon pannan l ap tann rezilta yon konferans avèk paran oubyen gadyen elèv la.

D. Distri eskolè nan konte Lee asire politik ak pwosedi pou disipline yon elèv ak bezwen espesyal mache kole ak direktiv federal distri a ak leta a.

NOTE: Si pannan yon elèv sou sispansyon an deyò lekòl, li retounen sou kanpis lekòl oubyen li asiste yon aktivite lekòl san dizon dirèktè a ou dirèktè deziyen an, elèv la vin sijè a arestasyon oubyen pouwit jidisyè pou antre non otorize.

NOTIFIKASYON KONSÈNAN SISPANSYON AN DEYÒ LEKÒL – Lè yon elèv resevwa yon sispansyon an deyò lekòl, dirèktè a ou dirèktè deziyen an pral fè yon efò ak tout bòn fwa pou enfòm imedyatman paran oubyen gadyen elèv la pa telefòn. Lekòl la pral voye yon lèt pa lapòs Etazini anvan 24 è pou notifye paran oubyen gadyen konsènan chak sispansyon ak rezon pou sispansyon an.

NOTE: Krim ki enplike yon elèv ak enfimite

Pwojè lalwa Amelyorasyon edikasyon pou moun ki gen enfimite (IDEIA), seksyon 300.535 egzije ke yon ajans (lekòl) ki rapòte yon krim ki fèt pa yon timoun ak enfimite dwè voye yon kopi dosye disiplinè pou timoun an edikasyon espesyal bay otorite apwopriye ki resevwa rapò krim nan pou yo konsidere nan mezi yo pran. Yon ajans ki rapòte krim nan gen dwa voye bay yon kopi dosye edikasyon espesyal e disiplinè sèlman nan mezi li konfòme ak pwojè lalwa Dwa edikasyonèl pou fanmi ak lavi prive (FERPA). Lè lekòl ap rapòte yon krim, li dwè kontakte paran oubyen gadyen timoun nan pou mande dizon pou voye bay dosye edikasyon espesyal e disiplinè.

KRIM KI FÈT ANDEYÒ TEREN LEKÒL

Yon elèv ki enkilpe fòmèlman pa pwokirè leta a pou yon krim ki fèt andeyò teren lekòl, oubyen pou yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, oubyen pou yon krim kote li jije koupab, gendwa vin sijè a sispansyon ou ekspilasyon nan lekòl (pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.09) si ensidan an fèt prèv, dapre yon chitatannde onivo lekòl la, yon enpak negatif sou pwogram edikasyon, disiplin ou byennèt lekòl kote elèv la enskri. Si elèv la jije koupab yon krim oubyen yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, li gendwa resevwa yon plasman altènatif sou baz pèmanan.

Si yon elèv gentan jije koupab yon krim oubyen yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, menmsi jijman an difere, patisipasyon elèv la nan aktivite paraskolè pral sispansyon pou rès ane eskolè a.

VYOLANS NAN LEKÒL

PWOJÈ LALWA POU LEKÒL SAN ZAMAFE EPI POLITIK ZEWO TOLERANS POU KRIM VYOLAN NAN LEKÒL – Pou respekte Pwojè lalwa pou lekòl san zamafe epi politik Konsèy eskolè leta a: Zewo tolerans pou krim vyolan nan lekòl, fanmi ak elèv yo dwè konprann gen sèten zak kriminèl, zak vyolans ak lòbèy ki rive sou teren lekòl, sou transpòtasyon lekòl ou pannan aktivite lekòl, ki dwè siyale ak lapolis lokal. Zak sila yo gendwa enkli: omisid; aso sèksyèl; vòl ak zam; aso agrave, aso sou pwofesè ou pèsonèl lekòl; kidnapi ou anlèyman; ensandi kriminèl; posesyon ou vant dwòg ilisit oubyen alkòl; posesyon, itilizasyon ou vant kenepòt zamafe, lanm jilèt, kanif, kouto ou eksplozif; vandalis; menas bonm; fè konfyolo oubyen pouse dife pou fè yon eskonbrit; antre non otorize sou teren lekòl yo; arasman sèksyèl, elatriye. Itilizasyon dwòg ilisit ou posesyon ilegal alkòl se pa korèk epi se danjere. Enfòmasyon konsènan asistans sikolojik pou dwòg oubyen alkòl, oubyen konsènan pwogram dezentoksikasyon se disponib nan biwo konsèy lekòl. Lè yon elèv jije koupab oubyen lè li pa konteste kilpabilite pou sèten krim vyolan, koupab la dwè separe ak viktim nan e frè ak sè viktim nan, aprè lekòl resevwa notifikasyon nan men Depatman Jistis pou jenès.

1. Kenepòt elèv ki fè zak vyolans kriminèl pral sijè a konsekans ki pi rèd, sa ki enkli sispanasyon ak ekspilasyon.
2. Kenepòt elèv ki posede, vann oubyen sèvi ak yon zamafe pral sijè a ekspilasyon nan pwogram regilye lekòl pou pa mwens pase yon (1) ane eskolè ankè.
3. Kenepòt elèv ki enkilpe pou aso agrave, oubyen aso ou aso agrave sou yon anplwaye Konsèy eskolè a, an vyolasyon pwojè lalwa 784.081, pral sijè a plasman altènatif oubyen ekspilasyon, tèlke apwopriye. Lè yon elèv enkilpe pou ofans lan, lekòl pral wete elèv la nan sal klas la imedyatman pou plase l nan lekòl altènatif pannan dispozisyon ka li a.
4. Pwovizyon masyonnen anwo adokte **Pwojè lalwa pou lekòl san zamafe epi politik Konsèy eskolè leta a: Zewo tolerans pou krim vyolan nan lekòl**. Politik konsèy eskolè 4.08 adrese Zewo tolerans pou krim ki relye ak lekòl.

NOTE: Pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.13: Politik zewo tolerans pou krim ak viktimizasyon egzije distri eskolè a, aprè notifikasyon nan men Depatman jistis pou jenès (DJJ), asire yon koupab pa asiste menm lekòl oubyen anbake nan menm otobis ak viktim nan oubyen frè ou sè viktim nan.

POLITIK KONT MENAS VYOLANS (Politik Konsèy eskolè 4.09)

A. Objèktif

Objèktif politik Konsèy eskolè 4.09 se pou delimite pozisyon Konsèy eskolè a konsènan menas, sigjesyon oubyen prediksyon vyolans kont kenepòt moun, gwoup oubyen enstalasyon distri a.

B. Pwosedi ak kontni

(1) Menas vyolans

a. « Zewo » tolerans

Pinga elèv, pèsonèl, paran/gadyen oubyen kenepòt lòt moun fè menas, sigjesyon ou prediksyon vyolans yon fason vèbal, ekri ou elektwonik (pa kouriyèl) kont yon lòt moun, gwoup moun ou enstalasyon distri a. Zak sila yo pral rezilte nan mezi disiplinè bridsoukou epi avètisman ak sèvis lapolis.

b. Mezi disiplinè distri a

1. Dirèktè chèf lekòl yo gendwa rekòmande ekspilasyon elèv la bay Konsèy eskolè a.
2. Dirèktè chèf lekòl yo gendwa rekòmande bay Konsèy eskolè a pou l revoke yon anplwaye.
3. Kenepòt menas, sigjesyon oubyen prediksyon vyolans pa yon paran/gadyen ou lòt moun pral rapòte ak sèvis lapolis.

c. Rapòte menas

Elèv yo pral rapòte kenepòt menas vyolans bay yon pwofesè, konsèy lekòl, dirèktè adjwen ou dirèktè, oubyen yo mèt rele liy ouvè: **Student Crimestoppers Hotline** . Manm pèsonèl pral rapòte tout menas vyolans bay dirèktè, chèf depatman ou dirèktè chèf lekòl yo.

d. Reskonsablite pou donmaj

Distri a pral chache rekipere nan men elèv, pèsonèl, paran/gadyen oubyen tout lòt moun ki reskonsab pou kou e/ou donmaj kòm rezilta yon menas.

- (2) Konsèy eskolè a pran angajman pou gen yon anviwonman edikatif ki sekirite epi discipline, lòfini li otorize dirèktè chèf lekòl yo ak pèsonèl distri a pou yo reponn rapidman a kenepòt menas, sigjesyon ou prediksyon vyolans nan kenepòt enstalasyon distri a.

NOTE: Posede, itilize ou vann dwòg ilisit pa yon elèv sou teren lekòl oubyen pannan yon aktivite lekòl gendwa rezilte nan mezi disiplinè ak penn kriminel. Pwojè lalwa Florid, chapit 893, defini yon dwòg ilisit.

NOTE: Kenenpòt elèv ki pòte yon zamafe, tèlke defini nan pwojè lalwa 18 U.S.C. s. 921, nan lekòl, nan kenepòt aktivite lekòl, oubyen sou kenepòt transpòtasyon patwonnen pa lekòl pral ekspilse, san ou avèk sèvis edikasyonèl kontini, pou yon peryòd pa mwenske yon (1) ane ankè, lòfini l ap rekòmande pou pouswit jidisyè.

ITILIZASYON ÒDINATÈ/REZO ENFÒMATIK

AVÈTISMAN KONSÈNAN REZO ENFÒMATIK

Distri eskolè nan konte Lee, Florid konsidere itilizasyon teknoloji enfòmatrik kòm esansyèl nan pwosesis edikasyonèl. Distri a pran tout jan mezi pou asire moun yo sèvi ak resous entènèt ak rezo òdinatè yon fason ki reskonsab ak sekirite. Distri a wè chache enfòmasyon sou rezo enfòmatrik ak nan òdinatè nan yon pòs travay, menm jan li wè chache enfòmasyon nan ouvraj referans lekòl la idantifye. Asavwa, distri a apiye tout zouti ki ogmante abilite yon elèv pou chache epi aprann, avèk direksyon yon pwofesè oubyen yon manm pèsònèl. **Nan Distri eskolè nan konte Lee, itilizasyon resous ak rezo enfòmatrik se akseptab pou aktivite ki apiye aprantisay ak ansèyman ase.**

Kòm aksè ak òdinatè epi moun atravè lemond se sitelman ouvè, gendwa genyen materyèl ki disponib ki pa gen yon valè edikasyonèl nan kontèks lekòl. Gendwa genyen tou materyèl, kontak pèsònèl oubyen konminikasyon ki pa apwopriye pou timoun lekòl.

Distri eskolè nan konte Lee gentan pran mezi pou jere aksè ak materyèl ki pa apwopriye. Mezi sila yo enkli yon sistèm baryè pou kontwòl aksè, yon sèvis *proxy* epi lojisyèl pou filtre materyèl ki pa apwopriye.

Distri eskolè nan konte Lee pral fè tout posib li pou founi sipèvizyon apwopriye; poutan, se enposib pou kontwòl aksè ak tout materyèl sou yon rezo global (entènèt). Lekòl la oubyen distri eskolè a pa ka anpeche posiblite gen kèk moun ka aksede materyèl ki pa marye ak misyon edikasyonèl, bi ak politik lekòl oubyen distri a, paske moun ka aksede entènèt la nan sit apa lekòl.

Se politik jeneral ke moun sèvi avèk entranèt, rezo FIRN ak resous entènèt yon fason ki reskonsab, efikas, etik epi legal. Pa respekte politik jeneral la oubyen lòt règleman pral rezilte nan sispansyon ou revokasyon privilèj aksè.

Itilizasyon rezo a ki pa akseptab gendwa enkli:

- vyole kondisyon Kòd edikasyon an konsènan dwa vi prive elèv yo;
- sèvi avèk betiz, gwo mo oubyen langaj ki ofansiv pou lòt itilizatè yo;
- gaye konminikasyon yon lòt moun san dizon li;
- kopye lojisyèl komèsyal oubyen lòt medya pwoteje an vyolasyon dwa otè yo;
- sèvi avèk rezo a pou pwofite finansyèman, oubyen pou kenepòt antrepriz komèsyal ou aktivite ilegal;
- sèvi avèk rezo a pou fè reklam, solisasyon politik, oubyen pwomosyon ilegal yon relijyon;
- tante ak malis pou detwi ou donmaje done yon lòt itilizatè sou entènèt ou kenepòt lòt rezo se vandalis epi se entèdi;
- sèvi avèk sèvis telekomunikasyon ou teknoloji yon fason ki pa apwopriye, e/ou poste enfòmasyon ki pa apwopriye, ki gendwa deranje anviwonman lekòl, sou entènèt, pannan ou apre lekòl.

NIVO MEZI DISIPLINÈ

NIVO MEZI DISIPLINÈ – Gen twa (3) nivo mezi disiplinè ki detèminen pa gravite zak la.

MEZI DISIPLINÈ NIVO I – Pou rezoud pwoblèm disiplinè nan nivo I, opsyon swivan disponib: 1) yon chitatan avèk pèsònèl distri apwopriye, elèv e/ou paran elèv la, ajans lasante konminotè oubyen ajans sèvis sosyal; 2) ajisman nan pwogram elèv la; 3) rezolisyon konfli.

MEZI DISIPLINÈ NIVO II – Pou rezoud ofans nan nivo II, lekòl la ap pran mezi ki pi fòmèl. Mezi fòmèl gendwa enkli: konsiy, konsiy imedya, lekòl apre lekòl, detachman travay, sispansyon andan lekòl, sispansyon andeyò lekòl, elatriye.

SISPANSYON – Sispansyon se yon sanksyon disiplinè ki tanporè epi ki wete elèv la nan klas oubyen lekòl pou yon delè preskri ki pa ka depase dis (10) jou lekòl. Dirèktè oubyen dirèktè deziyen pral fè yon efò ak tout bòn fwa pou chache konkou paran nan mete an plas konsekans altènatif pou lenkondwit anvan li sispann yon elèv, sòf anka ijans, gwo deblozay ou lenkondwit grav.

1. **Sispansyon andan lekòl** se lè elèv la plase nan yon aktivite espesifik, pwogram oubyen yon sal klas altènatif endepandan sou kanpis lekòl la kote moun ede l metrize kondwit li anouvo. Elèv ki resevwa yon sispansyon andan lekòl ap kontinye fè devwa yo pannan tan yo pa asiste klas regilye yo.
2. **Sispansyon andeyò lekòl** se lè dirèktè a wete elèv la tanporèman nan klas k ap fèt sou teren lekòl piblik yo epi nan tout lòt aktivite ki òganize pa lekòl, sòf aktivite ki otorize pa dirèktè ou dirèktè deziyen, pou yon peryòd ki pa depase dis (10) jou lekòl. Elèv la ranvoje nan men paran li avèk devwa espesifik pou li konplete.
3. **Sispansyon privilèj vwayaje nan otobis** gendwa rezilte lè yon elèv vyole *Kòd kondwit pou elèv*. Konsekans pou vyolasyon regleman sila yo se pa limite a sispansyon nan otobis. Gen lòt sanksyon toujou ki ka enkli sispansyon nan lekòl oubyen ekspilsyon, lè se merite. Elèv la dwe asiste lekòl kanmenm pannan yon sispansyon nan otobis.

MEZI DISIPLINÈ NIVO III – Pou rezoud ofans nan nivo III, opsyon ki disponib kòmanse nan plasman altènatif pou rive nan sispansyon ou ekspilsyon nan Distri eskolè nan konte Lee, dapre rekòmandasyon dirèktè lekòl.

Si yon viktim rete nan menm lekòl la, dirèktè a gendwa rekòmande elèv la pa retounen nan menm lekòl sila a lè li fin konplete manda li nan Sant aprantisay altènatif, oubyen lè l ap reyadmi apre ekspilsyon.

Elèv ki plase nan Sant aprantisay altènatif p ap ka ale sou kanpis kenepòt lekòl ni kenepòt teren ki pwopriyete Distri eskolè nan konte Lee, lòfini yo pa ka patisipe nan kenepòt aktivite distri a san yo pa gen dizon esprès nan men dirèktè ansyen lekòl la.

Pou tout enfraksyon nivo III, yon ankèt administratif nan nivo lekòl la pral sèvi pou deside si elèv la ta dwè plase nan Sant aprantisay altènatif ou yon lòt kote pou kontinye etid li yo, oubyen si pwosè pou ekspilsyon an ta dwè kontinye. Elèv la gen dwa fè apèl desizyon pou plase li anouvo nan sant ALC, alekri, andan dis jou depi dat lèt notifikasyon plasman nan ALC a.

Pou tout ofans nivo III, kote elèv la pa yon elèv ESE, lòfini li gen 18 an ou plis, epi li gen 15 kredi pou lekòl segondè ou mwens, epi li te enskri kòm elèv nan Distri eskolè nan konte Lee lè li fè ofans lan, dirèktè a pral wete (W26) elèv la nan lekòl epi rekòmande li enskri nan pwogram GED nan Edikasyon pou granmoun.

Si yon elèv vin plase nan Sant aprantisay altènatif, li gen dwa fè apèl alekri andann 10 jou sou almanak la depi dat lèt ou resevwa konsènan plasman elèv la. Konmite apèl distri a pou plasman altènatif pral tande apèl la.

EKSPILSYON – Ekspilsyon se lè Konsèy eskolè a wete dwa ak obligasyon elèv la pou asiste lekòl piblik pou yon peryòd preskri ki pa dwè depase ane eskolè atòkile plis yon ane sipleman, avèk kontrent ki delimite pa Konsèy eskolè a (dapre pwojè lalwa Florid, seksyon 1006.09). Ekspilsyon se yon mezi ekstrèm pou sèvi sèlman apre mezi altènatif pou korije move konpòtman an gentan echwe, oubyen enfraksyon an grav anpil. Si Konsèy eskolè a rekòmande ekspilsyon yon elèv, elèv la gendwa mande alekri yon chitatan devan yon ofisye enpasyal pou konteste rekòmandasyon an tèlke delimite pa politik Konsèy eskolè a.

1. **Kritè pou reyadmisyon bonè:**

- a. Yon elèv ki gentan ekspilse pou yon ofans ki relye ak dwòg gen dwa mande reyadmisyon bonè, sèlman lè elèv la renmèt dirèktè chèf lekòl yo yon lèt ki mande yon chitatan. Elèv la dwè egalman founi twa (3) lèt rekòmandasyon, avèk prèv li gentan byen konplete yon pwogram kont abi dwòg yo ki apiye pa leta, lòfini li dwè soumèt kò li pou yon depistaj dwòg o aza chak mwa ki rete nan delè ekspilsyon an. Yon moun ki deziyen pa dirèktè chèf lekòl yo pral resevwa epi revize rezilta yo. Si elèv la manke founi prèv li fè depistaj la nan fen mwa a, oubyen si rezilta a se pozitif pou prezans dwòg ilisit, Konsèy a pral retabli lòd ekspilsyon orijinal e elèv la dwè sèvi ane atòkile plis yon lòt ane sipleman.
- b. Yon elèv, ki ekspilse pou yon rezon ki pa relye avèk dwòg, gen dwa mande reyadmisyon bonè sèlman lè li renmèt dirèktè chèf lekòl yo yon lèt ki mande yon chitatan. Li dwè egalman founi twa (3) lèt rekòmandasyon, avèk prèv li byen resevwa asistans sikolojik avèk yon terapi apiye.

Note: Pou satisfè echeyans pou reyadmisyon bonè, Depatman Sèvis pou etidyan dwè resevwa demann alekri pou dirèktè chèf lekòl yo omwen 30 jou anvan kòmansman ane eskolè a oubyen omwen 30 jou anvan vakans livè.

2. Yon elèv gendwa ekspilse nan pwogram lekòl yo pou yon zak li fè an deyò teren lekòl lè li enkilpe yon krim, lè li jije koupab yon krim, oubyen lè li fè yon zak delenkan an deyò teren lekòl ki ta yon krim si li te granmoun.
3. Si yon elèv gentan ekspilse, li dwè rete an deyò lekòl pou 180 jou swivan lòd ekspilsyon an anvan Konsèy eskolè a gendwa konsidere yon rekòmandasyon pou reyadmisyon bonè.

4. Si demann reyadmisyon an apwouve, elèv la gendwa rantre lekòl sèlman nan konmansman yon ane eskolè oubyen konmansman yon semès.

OFANS AK MEZI DISIPLINÈ

Gen 45 ofans ak opsyon pou mezi disiplinè ki delimite nan *Kòd kondwit pou elèv*. Prenmye 23 ofans tonbe sou ensidan kòde ak *School Environmental Safety Incident Reporting* (SESIR) ki dwè rapòte ak Depatman Edikasyon an Florid. Ofans ki nan kategori zewo tolerans pral rapòte ak sèvis lapolis.

Elèv ki fè yon enfraksyon pannan yo prezan nan lekòl, oubyen aprè è lekòl epi ki koze yon deranjman konsiderab nan pwosesis edikasyonèl, oubyen pannan y ap vwayaje nan otobis lekòl, oubyen pannan yon aktivite ki patwonnen pa lekòl epi pannan yo sou teren Konsèy eskolè a, yo anba pwojè lalwa ak regleman Konsèy eskolè leta a, regleman ak politik Konsèy eskolè a ak *Kòd kondwit pou elèv*, epitou anba kontwòl ak direksyon dirèktè a ou dirèktè deziyen. Chak dirèktè lekòl gen otorite ansanm ak pèsònèl lekòl ak konminote a pou tabli estanda siplemantè nan lekòl yo dapre politik Konsèy eskolè a. Dirèktè a gen dwa nèt pou detèminen akizasyon lenkondwit apwopriye e nivo enfraksyon an dapre fè ak sikonstans ensidan an.

NOTE: Pwogram etid gendwa afekte yon fason konsiderab pou tout elèv nan klas Bakaloreya entènasyonal, plasman avanse, pwogram Cambridge, AICE, AVID, klas distenksyon, avanse, douwe ou espesyalize ki ekspilse ou ki plase nan yon lekòl disiplinè. Nou fè tout posib nou pou akomode pwogram etid elèv la, men se ra anpil pou n ka bay elèv la ekivalan pou chak klas. Se pou elèv ki fè klas sila yo konnen, lè yo angaje nan fè vyolasyon serye *Kòd kondwit pou elèv*, yo riske konpwomèt plan akademik yo.

NOTE: Kenenpòt kontradiksyon ant *Kòd kondwit pou elèv* ak Manyèl lekòl pral rezoud an favè penalite ki delimite nan *Kòd kondwit pou elèv*.

NOTE: Definisyon yon zam pou distri eskolè a pi laj pase definisyon yon zam nan pwojè lalwa Florid, chapit 790.

REZIME NIVO MEZI DISIPLINÈ

REZIME NIVO MEZI DISIPLINÈ		
<u>NIVO I</u>	<u>NIVO II</u>	<u>NIVO III</u>
<ul style="list-style-type: none"> • Chitatande ak pwofesè a • Chitatande ak dirèktè a • Chitatande ak konseye lekòl e/ou administratè • Chitatande ak lekòl e paran yo • Rekòmandasyon ak yon ajans konminotè • Chanjman nan pwogram elèv la • Rekòmandasyon ak yon konseye/gid • Refleksyon alekri • Konsiy pannan lè dinen an 	<ul style="list-style-type: none"> • Konsiy • Konsiy imedya • Detachman travay • Lekòl aprè lekòl • Sispansyon andan lekòl • Sispansyon andeyò lekòl • Lekòl samdi • Konsiy pannan lè dinen an • Pèt privilèj patisipe nan aktivite paraskolè 	<p>Ankèt administratif obligatwa</p> <ul style="list-style-type: none"> • Plasman altènatif • Ekspilasyon

Matris disiplin pou lekòl entèmedyè e segondè

Matris disiplin nan idantifye espesifikman kondwit elèv ki entèdi, epitou li bay yon lis konsekans varye ki gendwa aplike pou chak enfraksyon. Lè dirèktè ou dirèktè deziyen an pral aplike konsekans pou lenkondwit la, li pral konsidere faktè tankou nati enfraksyon an, istorik disiplinè elèv la, laj elèv la ak ane lekòl li a, epi gravite pwoblèm nan nan kontèks aktyèl.

(* = Enfraksyon SESIR ki pi sèvè dapre FLDOE; **** = Enfraksyon SESIR ki mwen sèvè dapre FLDOE)
Rapò ensidan konsènan sekirite ak anviwonman lekòl (SESIR) Depatman Edikasyon an Florid (FLDOE)

1. Alkòl (ALC****) – sere, posede, vann, achte, distribye, prepare, itilize kenepòt brevaj alkolik. <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
2. Ensandi kriminel (ARS*) – donmaje, oubyen tante donmaje, kenepòt byen pèsonel ou reyèl avèk dife ou pa eksplozyon; mete dife a pwopriyete lekòl pa espè. <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
3. Aso (BAT*) – sèvi ak fòs oubyen vyolans fizik kont yon lòt moun; kontak fizik ki pa swete avèk yon lòt moun ki gendwa enkli: pouse, rale, bouskile, elatriye, oswa dirèkteman oswa pa mwayen yon objè. <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
4. Kaponnay (BUL****) – sèvi yon fason repete ak jès, pawòl ou pawòl ekri ki menase, ensilte ou avili, epi ki sèvè ou rèsidèl pou kreye yon anviwonman edikatif ki kaponnen, ofanse, deranje, imilye ou anpeche yon fason ki pa rezonab pèfòmans ou patisipasyon yon moun nan lekòl. <i>Enfraksyon</i> Prenmye Dezyèm Twazyèm Katriyèm Senkyèm	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo I (Avètisman dokimante) Nivo II (2 jou ISS)+ entèvansyon Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo I (Avètisman dokimante) Nivo II (2 jou ISS) + entèvansyon Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)
5. Kase kay/Antre san otorizasyon (BRK**) – antre ilegal pa fòs, oubyen prezans nan kay san otorizasyon, edifis ou machin, ansanm ak prèv moun nan gen entansyon donmaje ou wete pwopriyete oubyen fè mal a lòt moun. <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
6. Deblozay sou teren lekòl (DOC****) – konpòtman ki kontrarye oubyen ki poze danje grav a anviwonman aprantisay, sante, sekirite ou byennèt lòt moun yo, sa ki gendwa enkli: fè yon menas bonm, pwovoke soukous, fè fos alèt, elatriye, ki afekte majorite kanpis la. (Pou deblozay nan anviwonman klas oubyen lòt kote, gade #24). <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
7. Vant/distribisyon dwòg (DRD**) – prepare, kiltive, vann ou distribye kenepòt dwòg, nakotik, dwòg ilisit, oubyen sibstans ki pase pou dwòg, sa ki enkli antwòt bay yon moun yon dwòg ki preskri pou yon lòt moun (alkòl se eskli, gade #1; pou dwòg ki vann san preskripsyon, gade #42). <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
8. Posesyon/itilizasyon dwòg (DRU****) – itilize ou posede kenepòt dwòg, nakotik ou dwòg ilisit, sa ki enkli antwòt posede dwòg ki preskri pou yon lòt moun (e kenepòt sibstans moun sèvi pou fen alisinasyon). (Alkòl se eskli, gade #1; pou dwòg ki vann san preskripsyon, gade #42). <i>Enfraksyon</i> Prenmye	<i>Lekòl entèmedyè</i> Nivo III (Ankèt admin.)	<i>Lekòl segondè</i> Nivo III (Ankèt admin.)
9. Goumen (FIT****) – de moun ou plis ki patisipe volontèman nan zak fòs ou vyolans fizik kote lòt moun bezwen metrize yo fizikman oubyen ki rezilte nan blesi ki egzije premye swen imedyà ou swen medikal pita (pouse, bouskile ou ti konfwontasyon se eskli, gade #34).		

<u>Enfraksyon</u> Prenmye (piti) Dezyèm (piti) Twazyèm (piti)	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) ou III Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo II (4 jou OSS) Nivo II (6 jou OSS) ou III Nivo III (Ankèt admin.)
Prenmye (grav)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
Manke sispann aprè yon moun di li.	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
10. Arasman (HAR**) – Arasman konprann kenepòt jès menasan, ensiltan ou dezimanizan, ou kenepòt itilizasyon donne ou lojisyeòl òdinatè, oubyen kenepòt kondwit ou alekri, ou vèbal, ou fizik ki 1) bay yon elèv ou yon anplwaye lekòl lakrent ase pou pèsonn li ou pwopriyete li; 2) gen pou efè entèfere yon fason konsiderab ake pèfòmans edikatif ou opòtinite yon elèv; ou, 3) gen pou efè deranje yon fason konsiderab operasyon nòminal yon lekòl ki enkli kenepòt kondwit dirije kont yon moun espesifik ki lakoz yon detrès emosyonèl pou moun nan epi li pa sèvi yon bi lejitim.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye Dezyèm Twazyèm Katriyèm Senkyèm	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo I (Avètisman dokimante) Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo I (Avètisman dokimante) Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)
11. Omisid (HOM*) – touye yon moun yon fason ki pa jistifye.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
12. Anlèvman (KID*) – sèvi ak fòs oubyen menas pou anfèmen, anleve ou anprizonnen yon lòt moun kont volonte li epi san otorite legal.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
13. Lòt enfraksyon grav (OMC***) – kenepòt ensidan grav ki pa klasifye yon lòt kote ki rezilte nan entèvansyon lapolis.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
14. Vòl ak vwa defè (ROB**) – pran ou tante pran kenepòt bagay ki pou yon lòt moun, epi ki gen valè, nan konfwontasyon kote vòlè a sèvi ak fòs, menase sèvi ak fòs oubyen vyolans, e/ou bay laperèz a viktim nan.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
15. Vòl (STL***) – pran, pòte, pòte ale ou kache pwopriyete yon lòt moun, ki konprann machin, san otorizasyon, menas, vyolans ou blesi, epi kote valè byen yo se \$300 ou plis (pou valè byen yo mwens pase \$300, gade #35).		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
16. Aso sèksyèl (SXB***) – penetrasyon fòse ou tante pa mwayen yon ògàn sèksyèl oubyen yon objè.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
17. Arasman sèksyèl (SXH***) – konpòtman vèbal ou fizik ak motif sèksyèl ki pa swete, lòfini ki grav ase pou kreye yon anviwonman edikasyonèl ki ostil ou pa sipòtab, oubyen pou koze malèz, imilyasyon, oubyen pou antrave yon fason ki pa rezonab pèfòmans ou patisipasyon nan lekòl.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)
18. Lenkondwit sèksyèl (SXO***) – lenkondwit sèksyèl ou kontak san fòs ou menas fòs; fè yon moun sijè a jès ou kòmantè vilgè ki gen nati sèksyèl; ekspoze pati prive yo yon fason vilgè.		
<u>Enfraksyon</u> Prenmye	<u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)	<u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)

<p>19. Tabak (TBC****) – posede, itilize, distribye ou vann pwodwi tabak patou sou teren lekòl, nan aktivite lekòl patwonnen, oubyen nan transpòtasyon lekòl.</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	Nivo II (1 jou ISS & sitasyon)	Nivo II (1 jou ISS & sitasyon)
Dezyèm	Nivo II (2 jou ISS & sitasyon)	Nivo II (2 jou ISS & sitasyon)
Twazyèm	Nivo II (2 jou ISS & sitasyon)	Nivo II (2 jou OSS & sitasyon)
<p>20. Menas/entimidasyon (TRE***) – menas pou blese yon lòt moun, san ou avèk yon zam, ki enkli touletwa eleman sila yo: (1) <i>entansyon</i> – yon entansyon pou viktim menas la tandè oubyen wè menas la; (2) <i>krent</i> – viktim menas la gen yon krent ou enkyetid rezonab ke menas la ka reyalize; epitou (3) <i>kapasite</i> – abilite pou otè menas la reyalize toutbon menas la, oswa dirèkteman oswa ak yon zam li ka jwenn fasil.</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye (piti)	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (2 jou OSS)
Dezyèm (piti)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
Prenmye (grav)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
<p>21. Antre san otorizasyon (TRS***) – antre ou rete sou teren/kanpis lekòl, ou nan yon aktivite lekòl patwonnen andeyò kanpis lekòl, ou nan transpòtasyon lekòl san otorizasyon ou envitasyon epi san yon motif legal pou antre.</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
<p>22. Krazebrize (VAN***) – fè espre pou detwi, donmaje ou degrade pwopriyete prive ou piblik san dizon mèl li oubyen moun k ap gade ou kontwòle li, lòfini donmaj la rive nan \$1 000 oubyen plis. (Pou donmaj ki rive nan \$1,000 ou mwens, gade #42).</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	Nivo III (Ankèt admin. & restitasyon)	Nivo III (Ankèt admin. & restiti.)
<p>23. Posesyon zam (WPO**) – posede kenenpòt enstriman oubyen objè ki ka fè blesi grav a yon lòt moun, oubyen ki ka fè moun nan krentif ase pou li kwè bagay la ap blese li gravman, sa gendwa enkli: zamafe, pistolè, zam kreyòl, fizi, fizi katouch, pistolè siyal, pistolè ki paralize, fizi aplon, pistolè estatè, lanm jilèt, zetwal chinwa, chenn, objè file, elatriye.</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
<p>24. Pran poul/bay poul (CHT) – fè espre pou distribye oubyen sèvi yon fason ki pa apwopriye avèk enfòmasyon, nòt, materyèl, ouvraj ou travay yon lòt moun pou konplete yon egzamen akademik, kontwòl ou devwa, ki enkli demakaj.</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye e repete	Nivo I (Proof to Admin.; Paran kontakte; Elèv resevwa zewo)	Nivo I (Proof to Admin.; Paran kontakte; Elèv resevwa zewo)
<p>25. Konpòtman ki dezòd (DIS) – patisipe nan e/ou ankouraje kenenpòt aktivite ki simen yon dezòd konsiderab nan sal klas la ou anviwonman aprantisay.</p>		
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye (piti)	Nivo II (1 klas nan ISS)	Nivo II (1 klas ISS)
Dezyèm (piti)	Nivo II (2 klas nan ISS)	Nivo II (2 klas ISS)
Twazyèm (piti)	Nivo II (1 jou ISS)	Nivo II (1 jou ISS)
Katriyèm (piti)	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)
Senkyèm (piti)	Nivo II (*PC – OSS)	Nivo II (*PC – OSS)
<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye (grav)	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)
Dezyèm (grav)	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (2 jou OSS)
Twazyèm (grav)	Nivo II (4 jou OSS)	Nivo II (4 jou OSS)
Katriyèm (grav)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
<p>Note: Konpòtman ki dezòd pannan sispansyon andan lekòl:</p>		
a. Prenmye Enfraksyon –	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (2 jou OSS)
b. Dezyèm Enfraksyon –	Nivo II (4 jou OSS)	Nivo II (4 jou OSS)
c. Twazyèm Enfraksyon –	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)

Note: Konpòtman ki dezòd avèk yon pwofesè sipleyan:

- a. Prenmye Enfraksyon – Nivo II (ISS ou Lekòl aprè lekòl)
- b. Dezyèm Enfraksyon – Nivo II (1 jou ISS)
- c. Twazyèm Enfraksyon – Nivo II (2 jou OSS)
- d. Katriyèm Enfraksyon – Nivo II (4 jou OSS)
- e. Senkyèm Enfraksyon – Nivo III (Ankèt admin.)

26. **Vyolasyon kòd abiman (DCV)** – manke obsève egzijans kòd abiman an.

Enfraksyon

Prenmye

Dezyèm

Twazyèm & swivan

Lekòl entèmedyè e segondè

Kòrèksyon vèbal & kontakte paran

Pèdi privilèj patisipe nan aktivite paraskolè (o plis 5 jou), konf. ak paran
Nivo II ISS (pou jis 3 jou), pèdi privilèj patisipe nan aktivite paraskolè (o plis 30 jou), kontak vèbal e alekri ake paran konsènan konsekans.

27. **Aparèy elektwonik/telekonminikasyon** – moutre oubyen sèvi ake yon aparèy elektwonik/telekonminikasyon pèsònèl pannan lè lekòl.

Elèv gendwa posede telefòn mobil lè yo sou teren lekòl pannan è lekòl yo, poutan yo dwè rete fèm an toutan. Pinga elèv genyen tout lòt kalite aparèy elektwonik pèsònèl nan lekòl pannan è òdinè lekòl. Posesyon tout kalite aparèy elektwonik, ki enkli telefòn mobil, se reskonsablite elèv la; lekòl pa asimen okenn reskonsablite legal ou lòt konsènan aparèy sila yo.

Moutre ou sèvi ake telefòn mobil ou lòt aparèy telekonminikasyon ou ekipman elektwonik, ki enkli antwòt, aparèy MP3, radyo CD, lektè elektwonik, ekoutè ou PSP yo pannan è regilye lekòl yo.

Prenmye enfraksyon – Nivo I (Avètisman epi aparèy a sezi epi retounen nan fen jounen)

Dezyèm enfraksyon – Nivo II (2 jou ISS) aparèy a sezi epi retounen nan men paran

Twazyèm enfraksyon – Nivo II (2 jou OSS) aparèy a sezi epi retounen nan men paran

Katriyèm enfraksyon – Nivo II (4 jou OSS) aparèy a sezi epi retounen nan men paran

Senkyèm enfraksyon – Nivo III (Ankèt admin.)

Itilizasyon san otorizasyon aparèy elektwonik oubyen kodak pou anrejistre aktivite lekòl (klas, asanble, elatriye).

Prenmye enfraksyon (piti) – Avètisman epi aparèy a sezi epi retounen nan men paran; anrejistremant detwi.

Dezyèm enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou ISS) aparèy a sezi epi retounen nan men paran; anrejistremant detwi.

Twazyèm enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou OSS) aparèy a sezi epi retounen nan men paran; anrejistremant detwi.

Katriyèm enfraksyon (piti) – Nivo III (Ankèt admin.)

Prenmye enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)

Mesaj tèks ki gen yon nati sèksyèl ou moutre kenepòt mesaj, foto, ou imaj ki pa apwopriye ou pònografik nan telefòn mobil.

Prenmye enfraksyon – Nivo III (Ankèt admin.)

28. **Akizasyon malatchong (FAL)** – pòte fo temwayaj kont yon manm pèsònèl ou yon lòt elèv ki gendwa mete an danje aplwa, edikasyon, sètifikasyon pwofesyonèl ou repitasyon li, sa ki gendwa enkli antwòt: kreye e/ou transmèt akizasyon ki fo ak òdinatè ou kenepòt aparèy elektwonik pannan ou aprè è lekòl.

Enfraksyon

Prenmye

Lekòl entèmedyè

Nivo III (Ankèt admin.)

Lekòl segondè

Nivo III (Ankèt admin.)

29. **Konminikasyon twonpè (FOR)** – fè yon konminikasyon ki twonpè ou fo bay yon manm pèsònèl lekòl la ak oswa entansyon pou twonpe moun nan, oswa nan sikonstans sispèk kote moun nan ka twonpe.

Enfraksyon

Prenmye

Dezyèm

Twazyèm

Prenmye (grav)

Lekòl entèmedyè

1 jou Lekòl aprè lekòl

Nivo II (1 jou ISS)

Nivo III (Ankèt admin.)

Nivo III (Ankèt admin.)

Lekòl segondè

1 jou Lekòl aprè lekòl

Nivo II (2 jou ISS)

Nivo III (Ankèt admin.)

Nivo III (Ankèt admin.)

<p>30. Aktivite releye ak gang (GRA) – angaje nan kenenpòt zak vèbal, ekri ou fizik ki asosye ak rit inisyasyon nan gang, ak fè pati nan gang, oubyen ak rit ou konpòtman gang.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)</p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)</p>
<p>31. Tapaj – angajman nan aktivite fizik avèk yon lòt elèv (ou lòt moun) ki pa gen nati konfwontasyon.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye Dezyèm Twazyèm</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo II (1 klas ISS ou konsiy admin.) Nivo II (Lekòl aprè lekòl) Nivo II (1 jou ISS)</p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Nivo II (1 jou ISS) Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS)</p>
<p>32. Fè wòklò/Manke respè (INS) – refize ou manke swiv yon direktiv oubyen yon lòd nan men pèsònèl lekòl, chofè otobis, ou kenenpòt lòt granmoun ki gen otorite; e/ou sèvi ak pawòl oubyen fè zak ki rabese, fè wont, kontrarye ou imilye yon moun oubyen yon gwoup moun.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye (piti) Dezyèm (piti) Twazyèm (piti) Katriyèm (piti) Senkyèm (piti)</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye (grav) Dezyèm (grav) Twazyèm (grav)</p> <p>Prenmye (grav ak administratè)</p> <p><u>Note:</u> Lenkondwit serye repete pannan yon menm ane eskolè ki deranje disiplin nan anviwonman lekòl gendwa rezilte nan yon ankèt administratif baze sou fè wòklò/manke respè (nou rekòmande yon pwojè konsènan konpòtman nan etap sila a). *PC – konferans ake paran an</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo II (1 klas nan ISS) Nivo II (2 klas nan ISS) Nivo II (1 jou ISS) Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS) Nivo III (*PC – OSS)</p> <p><u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)</p> <p>Nivo III (Ankèt admin.)</p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Nivo II (1 jou ISS) Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)</p> <p><u>Lekòl segondè</u> Nivo II (2 jou OSS) Nivo II (4 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)</p> <p>Nivo III (Ankèt admin.)</p>
<p>33. Manke respekte yon mezi disiplinè (NSD) – pa obsève ou pa prezante pou yon mezi disiplinè.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye Dezyèm Twazyèm Katriyèm</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè</u> 1 jou ISS Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)</p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Nivo II (1 jou ISS) Nivo II (2 jou ISS) Nivo II (2 jou OSS) Nivo III (Ankèt admin.)</p>
<p>34. Krim ki fèt andeyò lekòl (FEL) – yon elèv ki enkilpe fòmèlman pa pwokirè leta a pou yon krim ki fèt andeyò teren lekòl, oubyen pou yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, oubyen pou yon krim kote li jije koupab, gendwa rekòmande pou plasman altènatif pa dirèktè lekòl la.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)</p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)</p>
<p>35. Akseswa dwòg (PAR) – posede, itilize, vann, sere ou distribye kenenpòt ekipman ki sèvi pou prepare ou pran dwòg.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè</u> Nivo III (Ankèt admin.)</p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Nivo III (Ankèt admin.)</p>
<p>36. Estasyonman/enfraksyon kondwit (machin) (PRK) – manke respekte regleman estasyonman etabli e/ou regleman kondwit machin.</p> <p><u>Enfraksyon</u> Prenmye Dezyèm Twazyèm Katriyèm Senkyèm</p>	<p><u>Lekòl entèmedyè (pa gen chofè)</u></p>	<p><u>Lekòl segondè</u> Avètisman 1 jou Lekòl aprè lekòl Pèdi estasyonman – 2 semenn Pèdi estasyonman – 3 semenn Nivo III (Ankèt admin.)</p>

37. **Konfli (PRC)** – patisipasyon nan yon altèkasyon ak ti kras kontak fizik ki pa egzije swen medikal, sa ki gendwa enkli antwòt: poue, bouskile ak lòt ti konfwontasyon. Lè yon manm pèsone l la mande yo rete, moun ki patisipe nan altèkasyon an rete.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye (piti)	Nivo II (1 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)
Dezyèm (piti)	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo II (3 jou ISS)
Twazyèm (piti)	Nivo II (1 jou OSS)	Nivo II (3 jou OSS)
Katriyèm (piti)	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (5 jou OSS)
Senkyèm (piti)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)

Enkli kontak fizik konsiderab

Prenmye (grav)	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (2 jou OSS)
Dezyèm (grav)	Nivo II (4 jou OSS)	Nivo II (4 jou OSS)
Twazyèm (grav)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)

38. **Vòl senp (PTF)** – pran, pòte ou kache byen yon lòt moun san otorizasyon, menas, vyolans ou blesi, epi kote valè byen yo se mwens pase \$300.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	2 jou OSS & restitasyon	2 jou OSS & restitasyon
Dezyèm	4 jou OSS & restitasyon	4 jou OSS & restitasyon
Twazyèm	Ankèt admin. & restitasyon	Ankèt admin. & restitasyon
Prenmye (grav)	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)

39. **Langay gwosye (PRO)** – sèvi ak langay ou jès gwosye, vilgè, abisif, e/ou rad ki pa apwopriye.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
<i>A. Elèv a granmoun</i>		
Prenmye	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (4 jou OSS)
Dezyèm	Nivo II (4 jou OSS)	Nivo II (6 jou OSS)
Twazyèm	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
<i>B. Elèv a elèv</i>		
Prenmye	Nivo II (1 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)
Dezyèm	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo II (2 jou OSS)
Twazyèm	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (4 jou OSS)
Katriyèm	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)
<i>C. Nan koridò, elatriye</i>		
Prenmye	1 jou Lekòl aprè lekòl	Konsiy administratif
Dezyèm	2 jou Lekòl aprè lekòl	Nivo II (1 jou ISS)
Twazyèm	Nivo II (1 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)
Katriyèm	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo III (Ankèt admin.)
<i>D. Enji rasyal/etnik</i>		
Prenmye	Nivo II (2 jou OSS)	Nivo II (4 jou OSS)
Dezyèm	Nivo II (4 jou OSS)	Nivo II (6 jou OSS)
Twazyèm	Nivo III (Ankèt admin.)	Nivo III (Ankèt admin.)

40. **Vyolasyon sekirite (SFT)** – angaje nan yon zak ki mete an danje lòt moun:

- Zam (pa defini nan pwojè lalwa leta a – wè definisyon nan glosè)
Prenmye enfraksyon – Nivo III (Ankèt admin.)
- Itilizasyon yon objè konmen pou fè mal a lòt moun
Prenmye enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou OSS)
Dezyèm enfraksyon (piti) – Nivo II (4 jou OSS)
Twazyèm enfraksyon (piti) – Nivo III (Ankèt admin.)
Prenmye enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
- Voyer objè ki pa apwopriye
Prenmye enfraksyon – Nivo II (Konsiy admin.)
Dezyèm enfraksyon – Nivo II (Konsiy admin.)
Twazyèm enfraksyon – Nivo II (1 jou ISS)

- Lòt bagay ki mete an danje sekirite ou byennèt lòt moun yo; pa egzanzp, tire cheve, bouskile, pouse, elatriye.
Prenmye enfraksyon – Nivo I ou II (pou detèminen pa administrasyon an)
Dezyèm enfraksyon – Nivo II (pou detèminen pa administrasyon an)
Twazyèm enfraksyon – Nivo II (pou detèminen pa administrasyon an)

Prenmye enfraksyon (grav) – Nivo I ou II (pou detèminen pa administrasyon an)

- Kite kanpis lekòl la san otorizasyon
Prenmye enfraksyon – Nivo I (2 jou lekòl aprè lekòl)
Dezyèm enfraksyon – Nivo II (1 jou ISS)
Twazyèm enfraksyon – Nivo II (2 jou ISS & Ankèt akademik)

41. **Sote klas (SKP)** – pa prezante oubyen kite yon klas, aktivite ou andwa san otorizasyon e/ou san respekte pwosedi etabli pou kite lekòl.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	Nivo II (Konsiy admin.)	Nivo II (Konsiy admin.)
Dezyèm	1 jou Lekòl aprè lekòl	2 jou Lekòl aprè lekòl
Twazyèm	2 jou Lekòl aprè lekòl	Nivo II (1 jou ISS)
Katriyèm	1 jou ISS	2 jou ISS

42. **Reta (TAR)** – rive an reta pou lekòl oubyen pou klas.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
<i>A. An reta pou klas (Blòk 3-8)Elèv yo resevwa 2 avètisman. Kòmanse anouvo chak trimès</i>		
Prenmye	Nivo II (1 Konsiy admin.)	Nivo II (Konsiy admin.)
Dezyèm	Nivo II (1 Konsiy admin.)	Nivo II (Konsiy admin.)
Twazyèm	Nivo II (2 Konsiy admin.)	Nivo II (Konsiy admin.)
Katriyèm	1 jou Lekòl aprè lekòl	Nivo II (Detèmine pa admin. & Ankèt akademik)
Senkyèm	2 jou Lekòl aprè lekòl	Nivo II (Detèmine pa admin. & Ankèt akademik)
<i>B. An reta pou lekòl (san ekskiz)</i>		
Prenmye	Avètisman/Paran kontakte	Avètisman/Paran kontakte
Dezyèm	Avètisman/Paran kontakte	Avètisman/Paran kontakte
Twazyèm	Nivo II (Konsiy admin.)	Nivo II (Konsiy admin.)
Katriyèm	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo II (1 jou ISS)
Senkyèm	Nivo II & Ankèt akademik	Nivo II & Ankèt akademik
<i>C. Manke enskri</i>		
Prenmye	1 jou Lekòl aprè lekòl	1 jou Lekòl aprè lekòl
Dezyèm	Nivo II (1 jou ISS)	Nivo II (1 jou ISS)
Twazyèm	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)

43. **Fè woul (tout lajounen) (TRU)** – fè lekòl mawon; absans nan lekòl san otorizasyon ak dizon paran/gadyen legal elèv la oubyen lekòl.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	2 jou Lekòl aprè lekòl	2 jou Lekòl aprè lekòl
Dezyèm	3 jou Lekòl aprè lekòl	Nivo II (1 jou ISS)
Twazyèm	4 jou Lekòl aprè lekòl & Ankèt akademik	Nivo II (2 jou ISS) & Ankèt akademik

44. **Antre nan zòn entèdi (UNA)** – lè ou prezan nan kay, sal, oubyen lòt kote nan kanpis lekòl kote elèv la pa gen otorizasyon ale, epitou tout lòt zòn kote elèv pa gen aksè san otorizasyon.

<u>Enfraksyon</u>	<u>Lekòl entèmedyè</u>	<u>Lekòl segondè</u>
Prenmye	Nivo II (Konsiy admin.)	Nivo II (Lekòl aprè lekòl)
Dezyèm	1 jou Lekòl aprè lekòl	Nivo II (Lekòl aprè lekòl)
Twazyèm	Nivo II (1 jou ISS)	Nivo II (2 jou ISS)
Katriyèm	Nivo II (2 jou ISS)	Nivo III (2 jou OSS)
Senkyèm	Nivo III (2 jou OSS)	Nivo III (4 jou OSS)

45. **Lòt enfraksyon (OTH)** – Lòt vyolasyon regleman ki pa tonbe nan kategori anwo, oubyen lòt enfraksyon tèlke endike anba.

- Posede, itilize, vann ou distribye kenenpòt medikaman k ap vann san preskripsyon, sa ki enkli antwòt: aspirin, vitamin, Tilenòl, medikaman preskripsyon san entansyon pou vann, elatriye.
 - Prenmye Enfraksyon (piti) – Nivo II (Konsiy admin.)
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
 - Enfraksyon repete – Nivo III (Ankèt admin.)
- Vandalis ki rezilte nan donmaj ki totalize mwens pase \$1 000:
 - Prenmye Enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou ISS) & restitasyon
 - Dezyèm Enfraksyon (piti) – Nivo II (2jou OSS) & restitasyon
 - Twazyèm Enfraksyon (piti) – Nivo III (Ankèt admin.) & restitasyon
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
- Patisipe nan kenenpòt fòm kazino:
 - Prenmye Enfraksyon – Nivo II (Konsiy admin.)
 - Enfraksyon repete – Nivo II (2 jou ISS)
- Posede, sere, itilize e/ou vann bagay kontrabann pannaan è nòmàl lekòl la, sa ki gendwa enkli: brikè, jwèt, je, planch ak woulèt, plim lazè, elatriye.
 - Lekòl entèmedyè
 - Prenmye Enfraksyon – Nivo I Avètisman/konfiske epi retounen nan fen jounen an
 - Dezyèm Enfraksyon – Nivo I Konfiske epi retounen nan men paran
 - Twazyèm Enfraksyon – Nivo II (1 jou ISS) Konfiske epi retounen nan men paran
 - Katriyèm Enfraksyon – Nivo II (1 jou OSS) Konfiske epi retounen nan men paran
 - Lekòl segondè
 - Prenmye Enfraksyon – Nivo I Avètisman/konfiske epi retounen nan fen jounen an
 - Dezyèm Enfraksyon – Nivo I Konfiske epi retounen nan men paran
 - Twazyèm Enfraksyon – Nivo II (1 jou ISS) Konfiske epi retounen nan men paran
 - Katriyèm Enfraksyon – Nivo II (2 jou ISS) Konfiske epi retounen nan men paran
- Posede e/ou distribye materyèl pònografik
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
- Posede e/ou itilize yon sibstans ki reprezante pou yon dwòg
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
- Manipile aparèy enfòmàtik, lojisyèl ou done, e/ou fè abi sèvis telekominikasyon pannaan è nòmàl lekòl, sou ekipman ki pou lekòl, ki deranje pwosesis edikatif, sa ki enkli antwòt: fè abi aparèy teknoloji, ou poste enfòmasyon ki pa apwopriye sou entènèt.
 - Prenmye Enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou OSS)
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
 - Enfraksyon repete – Nivo III (Ankèt admin.)
- Afiche ou distribye materyèl enprime, petisyon, mesaj elektwonik oubyen reprezantasyon grafik ki pa apwouve sou teren ou pwopriyete lekòl:
 - Prenmye Enfraksyon (piti) – Nivo I (WRN)
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo II (2 jou OSS) ou III (Ankèt admin.)
 - Enfraksyon repete – Nivo III (Ankèt admin.)
- Patisipe nan kenenpòt fòm rit inisyasyon (« hazing ») avèk ou san dizon lòt elèv:
 - Prenmye Enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou OSS)
 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo III (Ankèt admin.)
 - Enfraksyon repete – Nivo III (Ankèt admin.)
- Patisipe nan zak afeksyon an piblik:
 - Prenmye Enfraksyon – Nivo I (WRN)
 - Dezyèm Enfraksyon – Nivo II (1 jou Lekòl aprè lekòl)
 - Twazyèm Enfraksyon – Nivo II (2 jou Lekòl aprè lekòl)
 - Katriyèm Enfraksyon – Nivo II (2 jou ISS)

- Patisipasyon nan kekenpòt vyolasyon transpòtasyon (otobis) ou nan arè otobis (lè bis la prezan):
 - Prenmye Enfraksyon (piti) – Lèt notifikasyon pou paran/avètisman
 - Dezyèm Enfraksyon (piti) – Nivo II (1 jou sispansyon nan otobis)
 - Twazyèm Enfraksyon (piti) – Nivo II (2 jou sispansyon nan otobis)
 - Katriyèm Enfraksyon (piti) – Nivo II (3 jou sispansyon nan otobis)
 - Senkyèm Enfraksyon (piti) – Nivo II (Konferans ak paran; jouk 10 jou sispansyon nan otobis)

 - Prenmye Enfraksyon (grav) – Nivo II (1 jou sispansyon nan otobis)
 - Dezyèm Enfraksyon (grav) – Nivo II (2 jou sispansyon nan otobis)
 - Twazyèm Enfraksyon (grav) – Nivo II (3 jou sispansyon nan otobis)
 - Katriyèm Enfraksyon (grav) – Nivo II (Konferans ak paran; jouk 10 jou sispansyon nan otobis)

NOTE: Dirèktè lekòl la ou deziyen gen dwa site lòt enfraksyon disiplinè nan Kòd kondwit la ki apwopriye lè li afwonte yon ensidan transpòtasyon.

ISS – Sispansyon andan lekòl OSS – Sispansyon andeyò lekòl TMT – Konsiy imedya WRN – Avètisman
 PC – Konferans ak paran/gadyen

Nòt siplemantè:

- Ankèt administratif – yon ankèt apwofondi sou dosye elèv la pa yon administratè ansanm ak lòt pèsònèl lekòl apwopriye, elèv la ak paran/gadyen. Konsekans pou enfraksyon an pral detèminen la menm aprè ankèt la. Daprè gravite e/ou nonb enfraksyon nan nivo III, konsekans gendwa yon sispansyon, jouk plasman altènatif, jouk ekspilsyon.
- Ankèt akademik – yon ankèt apwofondi sou pèfòmans akademik elèv la avèk ekip evalyasyon elèv la, e travayè sosyal si gen pwoblèm absans nan lekòl la.
- Lenkondwit repete ki gen yon nati pi serye pannan yon menm ane eskolè ki se yon deranjman nan disiplin ou fonksyonman lekòl la gendwa konsidere kòm fè wòklò epi rezilte nan yon ankèt administratif pou endisiplin.
- Manke prezante pou Lekòl aprè lekòl pral konsidere kòm Manke respekte yon mezi disiplinè (#30)
- Elèv nan lekòl entèmedyè pa gen dwa kondwi vini lekòl
- Lekòl la pral tante kontakte paran elèv la pou ofans nan nivo I, II ak III.
- Distri eskolè nan konte Lee ak pèsònèl li pral kowopere plènmman ak pèsònèl ajans polis sou tout teren distri a. Nan ka kote lekòl bezwen rele lapolis epi nan kou yon ankèt polis la dwè pale ak yon elèv, distri a pral fè tout efò li pou kontakte paran oubyen gadyen.

Plan pou epidemi lagrip inivèsèl

Yon epidemi lagrip inivèsèl se lè popilas jeneral la ekspozè ak yon nouvo viris lagrip. Yon epidemi lagrip se diferan pase lòt jan maladi oubyen kriz lasante peyi nou oubyen monn lan gendwa afwontè kounyeya. Yon epidemi pral dire pi lontan pase lòt kontak enpòtan ak lagrip, epitou li gendwa enkli plizyè “vag” aktivite lagrip pannan 6-8 semenn separe pa kèk mwa.

Se pou ou pare. Mete dekote kèk rezèv manje ak dlo. Rezèv manje a sipoze dire lontan san li pa bezwen refrijerasyon. Se pou ou mete dekote manje ki fasil pou prepare, epitou ki egzije sèlman yon ti kras dlo oubyen pa ditou.

Se pou ou rete an sante.

- Manje yon rejim ekilibre.
- Bwè anpil dlo.
- Se pou ou repoze dri.
- Se pou ou fè ekzèsis yon fason regilye.
- Pran vaksen kont lagrip chak ane.
- Si ou gen plis pase 50 an, oubyen ou fè sik ou lopresyon, se pou ou pran piki kont lemoni pou anpeche enfeksyon segondè.

Se pou ou devlope bon pratik lasante. Se pou ou pran mezi pou anpeche mikwòb pwopaje. Devlope bon pratik ijyenik. Se mezi sila yo ki gendwa anpeche maladi tankou lagrip pase a lòt moun yo.

- Kouvri nen ak bouch ou ak yon mouchwa lè ou gen pou ou touse oubyen estènen. Si ou pa gen yon mouchwa, sèvi ak manch chemiz ou (pa men ou).
- Lave men ou dri avèk savon ak dlo, espesyalman aprè ou fin touse ou estènen. Si ou pa touprè dlo a, sèvi ak yon lòt pwodwi pou netwaye men ou ki gen baz alkòl (60-95%).
- Evite kontak ak moun ki malad. Lè ou malad, se pou ou gade yon sèten distans pou anpeche ou pase maladi bay lòt moun yo.
- Si ou rive gen lagrip, se pou ou rete lakay la; pa al travay, lekòl oubyen lòt aktivite sosyal. Se konsa ou ap anpeche lòt moun yo pran maladi a nan men ou.
- Eseye pa touche zye ou, nen ou oubyen bouch ou. Se konsa mikwòb gendwa pase a lòt moun.



Se pou ou enfòmè tèt ou. Pi bon preparasyon se pou ou chache enfòmè tèt ou.

- Gen bonjan enfòmasyon disponib a www.pandemicflu.gov.
- *Centers for Disease Control (CDC)* gen yon liy ouvè san frè ak enfòmasyon disponib an anglè ak espayòl: 1-800-CDC-INFO.
- Se pou ou li jounal la, koute radyo lokal ak nasyonal, epi gade nouvèl nan televizyon pou rete okouran tout bagay ki rive.

Ti poul pou elèv anpeche alkòl ak dwòg pran tèt yo

Dabò, se pou ou koute. Nan yon sondaj resan anonim, jenn nan konte Lee aprann nou ke pi bon sous enfòmasyon konsènan dwòg ak alkòl se paran, lapolis, edikatè ak pwofesyonèl lasante.

Lòfini, se pou ou pale. Pale avèk paran, pwofesè epi lòt granmoun ou ka fè konfyans konsènan santiman ak panse ou. Se pou ou poze keksyon. Pale ansanm ak zanmi ou yo konsènan aktivite ou gendwa fè ki ka gade lespri ak kò ou ansante.

Sèvi ak tèt ou. Sèvi kontinye devlope jis lè ou gen 25 an. Alkòl ak dwòg ka nwi abilite pou fè bon desizyon, lòfini li ka gen konsekans negatif a lon tèms sou sèvi ou.

Se pou ou konnen lalwa a. Nan yon sondaj resan anonim, jenn nan konte Lee aprann nou ke pifò nan pami yo pa apwouve granmoun ki founi alkòl bay jenn yo. Si ou anba 21 an, se ilegal pou achte ou posede alkòl oubyen tabak. Se ilegal pou kenennpòt moun achte ou posede dwòg « rekreyasyon », dwòg ilisit, estewoyid, marijàn oubyen ewoyin. Dwòg ki mande preskripsyon bon sèlman pou moun nan ki resevwa preskripsyon nan men yon pwofesyonèl medikal.

Rete aktif. Fè ekzèsis epi patisipe nan espò se yon bon fason pou gade yon estil vi ki ansante.

Se pou ou pridan. Chwazi zanmi ki pozitif epi ki gen yon estil vi ansante. Se pou ou yon bon zanmi tou.

Gade avantaj la. Se pou ou manje manje ki ansante; se pou ou gade kò ou anfòm epi engann.

Gade sanfwa ou. Aprann pou ou esprime emosyon ou yon fason ki sen; gade sanfwa ou lè gen konfli oubyen diskisyon.

Gade lòt yo. Nan yon sondaj resan anonim, jenn nan konte Lee aprann nou ke pifò nan pami yo pa t sèvi ak alkòl oubyen dwòg nan 30 dènye jou yo. Se pou ou konprann ou fè pati nan majorite a lè rete san dwòg ak alkòl. Dwoge se pa alamòd.

Mande konkou. Chwazi yon moun ou ka fè konfyans lè yon pwoblèm rive.

Respekte tèt ou epi lòt yo tou!

Ti poul pou elèv anpeche kaponnay

Gen moun ki kaponnen ou?	Eske ou kaponnen lòt moun?	Eske ou se temwen kaponnay?
1. Se pou ou toujou di yon granmoun. Se enpòtan pou ou di granmoun pou yo ka mete fen a kaponnay.	1. Se pou ou panse kijan lòt yo santi lè ou kaponnen yo. Mete tèt ou nan plas lòt yo. Panse a santiman yo menm, epi sispann fè li.	1. Se pou ou sipòte viktim kaponnay. Eseye pase plis tan ak moun nan epi eseye fè li fè pati nan aktivite ou. Pale li epi moutre li ou renmen li.
2. Rete ak yon gwoup timoun. Si ou pase tan ou ak lòt timoun, ou pa vin yon sib fasil, lòfini gen moun pou ede ou nan move sitirasyon.	2. Se pa janm yon bon bagay lè ou fè mal a lòt moun yo. Se pou ou panse kijan ou santi ou lè lòt moun fè ou mal.	2. Kenbe tèt ak moun k ap fè kaponnay a. Chache lòt timoun pou vin kore ou. Se pa fasil pou kenbe tèt ak yon moun k ap fè kaponnay, men sa mache! Lè moun k ap kaponnen an wè lòt moun pa renmen sa, li plis gendwa sispann fè sa.
3. Eseye kenbe tèt ak moun ki kaponnen ou. Di moun nan ou pa renmen sa li fè. Di li se pa korèk epi ou vle l sispann fè sa!	3. Pale ak yon granmoun. Si ou pa konnen poukisa ou kaponnen lòt timoun yo oubyen kijan pou ou sispann fè sa, se pale ou bezwen pale yon moun. Paran, pwofesè, konseye lekòl ak lòt granmoun ou ka fè konfyans ka ede ou chanje konpòtman ou pou ou ka fè zanmi.	3. Rapòte tout ensidan bay yon granmoun. Anpil timoun ki viktim kaponnay pa vle pale sou sa, poutèt yo kwè l ap vin pi rèd pou yo aprè. Timoun ki kaponnen plis gendwa sispann kaponnen si yo konnen gen konsekans.
4. Fè yon blag. Pafwa lè ou fè blag ak yon bagay, sa ka chanje sitirasyon an.	4. Respekte tèt ou epi bay lòt moun respè, menm jan ou vle respè.	
5. Se pou ou sonje, se pa fòt ou. Nanpwen moun merite viktim kaponnay.		

Ti poul pou paran anpeche alkòl ak dwòg pran tèt pitit yo

Dabò, se pou ou koute. Li enpòtan pou ou pran tan pou chita koute pitit ou. Eseye jwenn tan pou koute pitit ou lè l vle pale. Bay pitit ou tout atansyon ou.

Lòfini, se pou ou pale. Nan yon sondaj resan anonim nan konte Lee pitit ou yo aprann nou ke pi bon sous enfòmasyon konsènan dwòg ak alkòl se paran, lapolis, edikatè ak pwofesyonèl lasante. Pale avèk pitit ou epi byen di l ou pa vle l sèvi ak tabak, alkòl oubyen enhalan. Lè ou ba li yon règleman ki djanm, sa pral ede pitit ou kenbe tèt ak movèz enfluyans zanmi l yo, epitou lòt presyon pou l sèvi avèk dwòg. Sèvi ak pwòp mo kinan ou pou pale ak pitit ou, lòfini chwazi yon lè ak yon kote ki konvnan pou nou de pale.


- Se pou ou fè yon bon egzanp. «*Timoun aprann sa yo viv*»
- Di pitit ou ke ou renmen l, epitou pale l sou santiman ou genyen konsènan dwòg yo.
- Ankouraje pitit ou pou l pale ou sou santiman l.
- Asimen responsablite pou aprann pitit ou yon seri valè.
- Chache konnen kote pitit ou li ye an toutan epitou fè konnesans avèk zanmi pitit ou.
- Fè benevòl oubyen patisipe nan aktivite nan lekòl pitit ou.
- Anseye pitit ou lè li fè fòt se sèlman yon okazyon pou aprann.
- Anseye pitit ou kijan pou l kenbe tèt ak tantasyon.
- Aprann pitit ou pou l rezoud pwoblèm pou kont li, epitou sipòte kwasans li.
- Ranfòse konpòtman pozitif l, epitou ba li anpil ankourajman.
- Pinga sèvi timoun ki pa gen laj tafya, epitou pa kite pitit ou mennen tafya, tabak oubyen lòt dwòg nan kay ou.

Se pou ou konnen. Sèvel kontinye devlope jis lè ou gen 25 an. Alkòl ak dwòg ka nwi abilite pou fè bon desizyon, lòfini li ka gen konsekans negatif a lon tèmsou sèvel ou. Vizite: www.bethewall.org pou plis enfòmasyon.

Rezilta sondaj... Nan yon sondaj resan anonim nan konte Lee, elèv aprann nou ke pifò nan pami yo pa t sèvi ak alkòl oubyen dwòg nan 30 dènye jou yo, lòfini yo dezapwouve paran ki founi alkòl ba yo.

Ti poul pou paran anpeche lòt timoun kaponnen pitit yo

Kisa ou fè lè yon lòt timoun ap kaponnen pitit ou?	Kisa ou fè lè pitit ou kaponnen lòt timoun?	Kisa ou fè lè pitit ou se temwen kaponnay?
1. Ankouraje pitit ou enfòm ou lè li se viktim kaponnay (se pou ou sonje, kaponnay se zak repete, se yon dezekilib pouvwa, e pitit ou pa vle li).	1. Gade sanfwa ou!	1. Aprann pitit ou kijan pou l kenbe tèt ak timoun nan k ap kaponnen l yon fason ki pa danjere.
2. Mande pitit ou ki mezi li pran pou fè kaponnay la rete.	2. Bay pitit ou limit. Veye konbyen televizyon l ap gade, je videyo l ap jwe, epitou mizik l ap koute. Limite tan l ap pase kote l angaje ak kontni vyolan.	2. Pale pitit ou sou kijan l ka kore viktim nan. Pa ri lè moun nan ap kaponnen viktim nan, e pa vin jwenn agresè a. Sipòte viktim nan, lòfini ay di yon granmoun kisa k rive.
3. Moutre pitit ou kèk lòt mezi li ka pran.	3. Ranfòse pitit ou yon fason pozitif lè l ap rezoud pwoblèm yo yon fason apwopriye.	3. Ankouraje pitit ou pou chache zanmi pozitif.
4. Fè lekòl la alye avèk ou.	4. Pale pitit ou sou kijan lòt yo santi lè yo blese pa aksyon oubyen pawòl li.	4. Gade vwa konminikasyon an ouvè—kite pitit ou konnen li gendwa enfòm ou lè li se temwen yon ensidan kaponnay.
5. Ankouraje pitit ou chache èd, lòfini pou l enfòm yon granmoun li ka fè konfyans nan lekòl la lè li se viktim kaponnay.	5. Aprann pitit ou pou l satisfè bezwen l yon lòt fason, apa kaponnay la.	5. Kite pitit ou wè ou menm rezoud konfli yo nan yon manyè apwopriye!
6. Sèvi ak pèsònèl lekòl la ak lòt paran kòm resous pou jwenn yon mwayen pozitif pou ankouraje konpòtman respektye nan lekòl la.	6. Pale avèk lekòl pitit ou. Esplike kijan pitit ou ap travay pou chanje konpòtman l, lòfini mande kijan ou ka travay tèt ansanm ak lekòl la pou kore chanjman sila yo.	6. Fè yo tande vwa ou nan lekòl la. Mete ou ansanm ak pèsònèl lekòl la epi travay pou gen yon anviwonman san kaponnay.
7. Ankouraje pitit ou pou l kontinye pale ou chak fwa yon ensidan kaponnay rive.	7. Fè prèv pasyans. Chanje pran tan. Ankouraje TOUT chanjman pozitif ou wè.	7. Travay tèt ansanm ak lòt paran pou kore timoun nou yo.



GLOSÈ

AKIZASYON MALATCHONG – pòte fo temwayaj kont yon manm pèsònèl ki gendwa mete an danje anplwa, sètifikasyon pwofesyonèl ou repitasyon li, sa ki gendwa enkli antwòt: kreye e/ou transmèt akizasyon ki fo ak òdinatè ou kenenpòt aparèy elektwonik pannan ou aprè è lekòl.

AKSESWA DWÒG – posede, itilize, vann, sere ou distribye kenenpòt ekipman ki sèvi pou prepare ou pran dwòg.

AKTIVITE RELYE AK GANG – angaje nan kenenpòt zak vèbal, ekri ou fizik ki asosye ak rit inisyasyon nan gang, ak fè pati nan gang, oubyen ak rit ou konpòtman gang.

ALKÒL – sere, posede, vann, achte, distribye, prepare, itilize, ou avwe sèvi ake kenenpòt brevaj alkolik.

ANLÈVMAN – sèvi ak fòs oubyen menas pou anfèmen, anleve ou anprizonnen yon lòt moun kont volonte li epi san otorite legal.

ANTRE NAN ZÒN ENTÈDI – lè ou prezan nan kay, sal, oubyen lòt kote nan kanpis lekòl ki entèdi pou elèv la kote li gen pèmision pou li ale lè sila a.

ANTRE SAN OTORIZASYON – antre san otorizasyon sou pwopriyete Konsèy eskolè a, nan yon aktivite lekòl, ou nan yon aktivite paraskolè, oubyen rete sou pwopriyete Konsèy eskolè a aprè pèsònèl lekòl la oubyen yon ofisye lapolis gentan mande ou kite kote a; oubyen antre ou rete sou teren/kanpis lekòl, ou nan yon aktivite lekòl patwonnen andeyò kanpis lekòl, ou nan transpòtasyon lekòl san otorizasyon ou envitasyon epi san yon motif legal pou antre.

APARÈY ELEKTWONIK/TELEKONMINIKASYON – moutre oubyen sèvi ake yon aparèy elektwonik/telekonminikasyon pèsònèl pannan lè lekòl.

Elèv gendwa posede telefòn mobil lè yo sou teren lekòl pannan è lekòl yo, poutan yo dwè rete fèmen an toutan. Pinga elèv genyen tout lòt kalite aparèy elektwonik pèsònèl nan lekòl pannan è òdinè lekòl. Posesyon tout kalite aparèy elektwonik, ki enkli telefòn mobil, se reskonsablite elèv la; lekòl pa asimen okenn reskonsablite legal ou lòt konsènan aparèy sila yo.

- Moutre ou sèvi ake telefòn mobil ou lòt aparèy telekonminikasyon ou ekipman elektwonik, ki enkli antwòt, aparèy MP3, radyo CD, ekoutè ou PSP yo pannan è regilye lekòl yo.
- Itilizasyon san otorizasyon aparèy elektwonik oubyen kodak pou anrejistre aktivite lekòl (klas, asanble, elatriye).
- Mesaj tèks ki gen yon nati sèksyèl ou moutre kenenpòt mesaj, foto, ou imaj ki pa apwopriye ou pònografik nan telefòn mobil.

ARASMAN – Arasman konprann kenenpòt jès menasan, ensiltan ou dezimanizan, ou kenenpòt itilizasyon donne ou lojisye òdinatè, oubyen kenenpòt kondwit ou alekri, ou vèbal, ou fizik ki 1) bay yon elèv ou yon anplwaye lekòl lakrent ase pou pèsonn li ou pwopriyete li; 2) gen pou efè entèfere yon fason konsiderab ake pèfòmans edikatif ou opòtinite yon elèv; ou, 3) gen pou efè deranje yon fason konsiderab operasyon nòminal yon lekòl ki enkli kenenpòt kondwit dirije kont yon moun espesifik ki lakoz yon detrès emosyonèl pou moun nan epi li pa sèvi yon bi lejitim.

ARASMAN SÈKSYÈL – konpòtman vèbal ou fizik ak motif sèksyèl ki pa swete, lòfini ki grav ase pou kreye yon anviwonman edikasyonèl ki ostil ou pa sipòtab, oubyen pou koze malèz, imilyasyon, oubyen pou antrave yon fason ki pa rezonab pèfòmans ou patisipasyon nan lekòl. Kenenpòt avans sèksyèl ki pa swete, demann pou favè sèksyèl, oubyen lòt kondwit ou konminikasyon vèbal, non vèbal, ekri, grafik ou fizik ki gen nati sèksyèl.

ASO – yon moun ki sèvi ake fòs fizik oubyen vyolans kont yon lòt moun.

ASO SÈKSYÈL – kenenpòt zak sèksyèl dirije sou yon lòt moun, yon fason fòse ou kont volonte moun nan, oubyen yon fason ki pa fòse ni kont volonte moun nan, men kote viktim nan pa ka konsanti poutèt laj li oubyen poutèt yon enfimite tanporè ou pèmanan; penetrasyon fòse ou tante pa mwayen kenenpòt pati nan kò a oubyen yon objè.

DEBLOZAY SOU TEREN LEKÒL – konpòtman ki kontrarye oubyen ki poze danje grav a anviwonman aprantisay, sante, sekirite ou byennèt lòt moun yo, sa ki gendwa enkli: fè yon menas bonm, pwovoque soukous, fè fos alèt, elatriye.

DISTRIBISYON MATERYÈL KI PA APWOUVE – Distribye ou poste materyèl enprime, petisyon, mesay elektwonik ou reprezantasyon grafik ki pa apwouve sou pwopriyete ou teren lekòl.

ENSANDI KRIMINÈL – donmaje, oubyen tante donmaje, kenenpòt byen pèsònèl ou reyèl avèk dife ou pa eksplozyon; mete dife a pwopriyete lekòl pa espre. Pa egzanz: kay lekòl, enstalasyon fiks, ou byen imèb.

FÈ FREKAN – defye yon fason flagran ou ostil otorite pèsònèl lekòl, chofè otobis, oubyen kenenpòt granmoun ki gen otorite.

FÈ WÒKLÒ – refize ou manke swiv yon direktiv oubyen yon lòd nan men pèsònèl lekòl, chofè otobis, ou kenenpòt lòt granmoun ki gen otorite.

FÈ WOUL – fè lekòl mawon; absans nan lekòl san otorizasyon ak dizon paran/gadyen legal elèv la oubyen lekòl.

FOS ALÈT – aktivasyon, san bon kòz, yon sistèm alam kòm yon alam a fe, oubyen fè esprè pou rapòte yon sitirasyon ijans ki fo, tèlke konpoze 911 ou fè yon fos alèt.

GOUMEN – de moun ou plis ki patisipe volontèman nan zak fòs ou vyolans fizik kote lòt moun bezwen metrize yo fizikman oubyen ki rezilte nan blesi ki egzije premye swen imedyà ou swen medikal pita.

GRÈV/PWOTESTASYON – lè elèv yo prezan nan yon rasanbleman, reyinyon, manifestasyon ou pwotestasyon ki pa apwouve epi ki antrave disiplin nan anviwonman lekòl, oubyen ki deranje yon aktivite lekòl ou aktivite paraskolè.

IZAJ ABISIF ÒDINATÈ – izaj òdinatè ki pa apwopriye, sa ki gendwa enkli: fè dappiyanp sou kont enfòmasyon ou rezo òdinatè rezève, modifiye ou detwi fichye san otorizasyon, kopye lojisyèl yon fason ilegal, ouvri, distribye ou enprime fichye rezève, elatriye.

KAPONNAY – konpòtman vèbal ou fizik repete ki pa swete epi ki sève ou red ase pou kreye yon anviwonman edikatif ki kaponnen, ofanse, deranje, imilye ou anpeche yon fason ki pa rezonab pèfòmans ou patisipasyon yon moun nan lekòl (sa enkli kaponnay emosyonèl, sèksyèl, epi sou entènèt).

KASE KAY/ANTRE SAN OTORIZASYON – antre ilegal pa fòs, oubyen prezans nan kay san otorizasyon, edifis ou machin, ansanm ak prèv moun nan gen entansyon donmaje ou wete pwopriyete oubyen fè mal a lòt moun.

KAZINO – patisipasyon nan kenepòt jwèt ou aktivite lachans ki fèt pou lajan oubyen yon bagay ki gen valè.

KONFLI – patisipasyon nan yon altèkasyon ak ti kras kontak fizik ki pa egzije swen medikal, sa ki gendwa enkli antwòt: pouse, bouskile ak lòt ti konfwontasyon. Lè yon manm pèsonèl la mande yo rete, moun ki patisipe nan altèkasyon an rete.

KONMINIKASYON TWONPÈ – fè yon konminikasyon ki twonpè ou fo bay yon manm pèsonèl lekòl la ak oswa entansyon pou twonpe moun nan, oswa nan sikonstans sispèk kote moun nan ka twonpe.

KONPÒTMAN KI DEZÒD – patisipe nan e/ou ankouraje kenepòt aktivite ki simen yon dezòd konsiderab nan sal klas la ou anviwonman aprantisay.

KONTREBANN – posede, sere ou itilize bagay ki entèdi nan lekòl, sa ki gendwa enkli: bal, katouch, likid ensandyè, materyèl ensandyè, alimèt, brikè, sibstans pwazon, paten, planch ak woulèt, radyo, ekoutè, materyèl ekri ki pa apwopriye, elatriye.

KRAZEBRIZE – degrade, donmaje oubyen detwi pa kenepòt mwayen pwopriyete reyèl ou prive yon moun oubyen Konsèy eskolè a; fè esprè pou detwi, donmaje ou degrade pwopriyete prive ou piblik san dizon mèt li oubyen moun k ap gade ou kontwòle li, lòfini donmaj la rive nan \$1 000 oubyen plis.

KRIM KI FÈT ANDEYÒ LEKÒL – yon elèv ki enkilpe fòmèlman pa pwokirè leta a pou yon krim ki fèt andeyò teren lekòl, oubyen pou yon deli ki ta yon krim si li te granmoun, oubyen pou yon krim kote li jije koupab, gendwa rekòmande pou plasman altènatif pa dirèktè lekòl la.

LANGAY GWOSYE – sèvi ak langay ou jès gwosye, vilgè, abisif, e/ou ki pa apwopriye.

LENKONDWIT SÈKSYÈL – lenkondwit sèksyèl ou kontak san fòs ou menas fòs; fè yon moun sijè a jès ou kòmantè vilgè ki gen nati sèksyèl; ekspoze pati prive yo yon fason vilgè.

LÒT ENFRAKSYON – kenepòt ofans ki pa klasifiye, ki enkli antwòt:

- Posesyon, itilizasyon, lavant, ou distribisyon medikaman ki vann san preskripsyon, ki enkli antwòt aspirin, vitamin, Tilenòl, medikaman ki preskri pou ou menm ke ou pa gen entansyon vann, elatriye
- Krazebrize ki rezilte nan domaj ki mwens pase \$1 000
- Patipasyon nan kenepòt jwèt kazino
- Posesyon, itilizasyon, e/ou sere bagay kontrabann ki enkli antwòt brikè, jwèt timoun, jwèt elektwonik, radyo, radyo CD, aparèy MP3, ekoutè, bik lazè, elatriye panna è regilye lekòl yo.
- Posesyon e/ou distribisyon materyèl pònografik
- Itilizasyon ou posesyon kenepòt bagay reprezante kou yon dwòg
- Moutre ou itilize kenepòt aparèy konminikasyon ou anrejistreman tèlke telefòn mobil, aparèy mesaj tèks, kodak dijital, elatriye panna è regilye lekòl yo
- Manipile kenepòt aparèy enfòmasyon, lojisyèl ou donne, e/ou mal sèvi ake sèvis telekonminikasyon, ki enkli antwòt itilizasyon aparèy teknoloji ki pa apwopriye ou poste enfòmasyon ki pa apwopriye sou entènèt, panna ou aprè è regilye lekòl yo, ake ekipman lekòl yo ki gendwa entèfere ake pwosesis edikatif
- Poste ou distribye bagay enprime ki pa apwouve, petisyon, kouriyèl, ou reprezantasyon grafik sou teren ou pwopriyete lekòl yo.
- Patipasyon nan kenepòt rit inisyasyon “hazing” ake lòt elèv, san ou avèk konsantiman ou bon volonte lòt elèv nan aktivite a
- Patipasyon nan lenkondwit moral oubyen moutre afeksyon nan piblik
- Patipasyon nan kenepòt enfraksyon transpòtasyon (bis) ou arè bis (lè bis la prezan)

LÒT ENFRAKSYON GRAV – kenenpòt ensidan grav ki pa klasifye yon lòt kote ki rezilte nan entèvansyon lapolis.

MANKE RESPÈ – sèvi ak pawòl oubyen fè zak ki rabese, fè wont, kontrarye ou imilye yon moun oubyen yon gwoup moun.

MANKE RESPEKTE YON MEZI DISIPLINÈ – pa obsève ou pa prezante pou yon mezi disiplinè.

MENAS BONM – fè yon fo rapò bay kenenpòt moun, ki konprann pèsònèl lekòl, konsènan plasman yon bonm, dinamit, eksplozif oubyen aparèy pou fè ensandi.

MENAS/KAPONNAY – deklarasyon, oswa pa pawòl oswa pa zak, pou fè mal a yon moun ou pwopriyete li, oubyen pou fòse yon moun fè yon bagay, oubyen pou anpeche yon moun fè yon bagay pa kontrent, kaponnay oubyen krent; menas pou blese yon lòt moun, san ou avèk yon zam, ki enkli touletwa eleman sila yo: (1) *entansyon* – yon entansyon pou viktim menas la tandè oubyen wè menas la; (2) *krent* – viktim menas la gen yon krent ou enkyetid rezonab ke menas la ka reyalize; epitou (3) *kapasite* – abilite pou otè menas la reyalize toutbon menas la, oswa dirèkteman oswa ak yon zam li ka jwenn fasil.

OMISID – touye yon moun yon fason ki pa jistifye.

POSESYON/IZAJ DWÒG – posede ou itilize kenenpòt dwòg, nakotik ou sibstans entèdi. Moun sipoze rapòte yon enfrazyon sèlman si yo kenbe moun nan an posesyon ou izaj, oubyen moun nan avwe sèvi ake dwòg, oubyen si okou yon ankèt moun dekouvri li sèvi ake dwòg.

PRAN POUL/BAY POUL – fè espè pou distribye oubyen sèvi yon fason ki pa apwopriye avèk enfòmasyon, nòt, materyèl, ouvraj ou travay yon lòt moun pou konplete yon egzamen akademik, kontwòl ou devwa.

RETA – rive an reta pou lekòl oubyen pou klas.

RIT INISYASYON (« HAZING ») – kenenpòt aksyon ou sitirasyon ki mete an danje sante ou sekirite mantal ou fizik yon elèv epi ki gen pou fen inisyasyon, admisyon ou afilyasyon avèk kenenpòt òganizasyon ou gwoup.

SOTE KLAS – pa prezante oubyen kite yon klas, aktivite ou andwa san otorizasyon e/ou san respekte pwosedi etabli pou kite lekòl.

TAPAJ – angajman nan aktivite fizik avèk yon lòt elèv (ou lòt moun) ki pa gen nati konfwontasyon.

VANT/DISTRIBISYON DWÒG – fabrikasyon, lakiltiv, vant ou distribisyon kenenpòt dwòg, nakotik, sibstans entèdi, oubyen sibstans ki pase pou yon dwòg.

VÒL – pran, pòte, pòte ale ou kache pwopriyete yon lòt moun, ki konprann machin, san otorizasyon, menas, vyolans ou blesi, epi kote valè pwopriyete a se \$300 ou plis.

VÒL AK VWA DEFÈ – pran ou tante pran kenenpòt bagay ki pou yon lòt moun, epi ki gen valè, nan konfwontasyon kote vòlè a sèvi ak fòs, menase sèvi ak fòs oubyen vyolans, e/ou bay laperèz a viktim nan.

VÒL SENP – pran, pòte ou kache pwopriyete yon lòt moun san otorizasyon, menas, vyolans ou blesi, epi kote valè pwopriyete a se mwens pase \$300.

VYOLASYON KÒD ABIMAN – manke obsève egzijans kòd abiman an.

VYOLASYON PWODWI TABAK – posede, itilize, vann, sere oubyen distribye sigarèt, siga, priz tabak, tabak pou chike, tabak pou kachimbo ou pip, oubyen kenenpòt lòt pwodwi tabak se entèdi patou sou teren lekòl, nan aktivite lekòl patwonnen, oubyen nan transpòtasyon lekòl.

VYOLASYON SEKIRITE – angaje nan yon zak ki mete an danje lòt moun, tèlke:

- Posesyon yon kanif (avèk lam ki 2.5” ou mwens), kouto plastik, kanif avèk lam ki pa file, oubyen lòt objè ki pa sèvi dabitid kòm zam.
- Itilizasyon yon objè konmen pou fè mal a lòt moun
- Veye yon objè ki pa apwopriye
- Lòt bagay ki mete an danje lòt moun
- Kite kanpis san otorizasyon

VYOLASYON REGLEMAN/PWOSEDI OTOBIS – kondwit ou konpòtman ki deranje transpòtasyon elèv yo nan yon manyèr disiplinè e sekirite.

ZAK KI PA APWOPRIYE OU KI MALPWÒP – sèvi ak langay oral ou ekri, mesaj elektwonik, desen, foto, objè ou jès, oubyen angaje nan kenenpòt zak fizik ki konsidere kòm malpwòp, pa aseptab sosyalman oubyen pa apwopriye pou anvwonman edikasyonèl.


ZAM – posede kenepòt enstriman oubyen objè (dapre pwojè lalwa Florid, seksyon 790.001(13)) ki ka fè blesi grav a yon lòt moun, oubyen ki ka fè moun nan krentif ase pou li kwè bagay la ap blese li gravman, sa gendwa enkli antwòt:

- Zamafe
- Zam kreyòl
- Zam ou aparèy a pwodui chimik
- Ponya
- Koud pwen ameriken
- Pistolè siyal
- Zam ou aparèy elektrik
- Fistibal
- Kokomakak
- Gaz lakrimojèn
- Kannif (ti kannif pòch, kouto kwizin, lam razwa – gade Vyolasyon sekirite)
- Konbistib pwopilsif



FÒMASYON KARAKTÈ



<p style="text-align: center;"><u>Out</u> RESKONSABLITE</p> <p>Aseptè konsekans tout chwa ou, lòfini asimen tout obligasyon ak devwa ou. Si se pou li fèt, sa depann de mwen menm. « Ou pa ka chape reskonsablite pou demen, si ou evite l jodi a. » ~Abraham Lincoln</p>	<p style="text-align: center;"><u>Septanm</u> TOLERANS</p> <p>Se yon atitid ki jis epi objektif ak lòt moun ki gen diferan opinyon, pratik, ras, relijyon oubyen nasyonalite. Byen boule ak tout kalite moun. « Pou kont nou, nou gendwa fè ti kras bagay. Ansanm, nou gendwa fè sitèlman anpil. » ~Helen Keller</p>	<p style="text-align: center;"><u>Òktòb</u> RESPÈ</p> <p>Moutre anpil konsiderasyon ak apresyasyon alea valè lòt moun ak lòt bagay yo. Pa blese lòt moun ni nan kè ni nan kò. « Respè kòmanse lè ou mete l an pratik, pa lè ou mande li. » ~Enkoni</p>
<p style="text-align: center;"><u>Novanm</u> SITWAYÈNTE/PATRIYOTIS</p> <p>Se fason yon moun asimen plas li nan yon kominote. Se pou ou kale zye ou, se pou ou enfòme, se pou ou angaje. « Pa mande kisa peyi ou gendwa fè pou ou, men mande pito kisa ou gendwa fè pou peyi ou. » ~John F. Kennedy</p>	<p style="text-align: center;"><u>Desanm</u> JANTIYÈS/KONPASYON</p> <p>Moutre yon preyokipasyon pou byennèt lòt moun: bay sipò epi moutre senpati. Fè prèv jantiyès, trete lòt moun yo jan ou ta renmen yo trete ou. « Fè prèv jantiyès; se pou ou sonje chak moun ou rankontre ap gouden avèk lavi kanmenm. » ~Enkoni</p>	<p style="text-align: center;"><u>Janvyè</u> ANGAJMAN</p> <p>Pouswiv yon seri aksyon malgre ostak ki prezante. Fè tèt ou yon pwomès epi gade l. « Diferans ant enposib ak posib se nan detèminasyon yon moun. » ~Tommy Lasorda</p>
<p style="text-align: center;"><u>Fevriye</u> Onèkte</p> <p>Se pou ou veridik epi fidèl tout bon. Di laverite a. « Onèkte se sa k plis enpòtan nan detèminen siksè yon moun, yon konpayi, yon pwodwi. » ~Ed McMahon</p>	<p style="text-align: center;"><u>Mas</u> KOURAY</p> <p>Kapasite yon moun pou l fè fas ak difikilte, ostak ak defi. Se pou ou brav, lòfini se pou ou fè chwa pozitif. « Kouray se kenbe tèt ak laperèz, se metrize laperèz—se PA absans laperèz. » ~Mark Twain</p>	<p style="text-align: center;"><u>Avril</u> ENTEGRITE</p> <p>Yon kondwit onorab epi yon konpòtman etik nan tout sikonstans. Se chwazi lebyen malgre konsekans yo. « Mezi definitif yon moun se pa kote l kanpe nan moman pezib, men pito kote l kanpe nan moman difisil ak moman kontwovès. » ~Dtè Martin Luther King, Jr.</p>
<p style="text-align: center;"><u>Me</u> METRIZE TÈT OU</p> <p>Byen metrize aksyon ak emosyon ou yo. Se pou ou reflechi anvan ou aj. « Moun ki ta gouvènè lòt yo, ta dwe mèt tèt li dabò. » ~Philip Massinger</p>	<p style="text-align: center;">  Fòmasyon KARAKTÈ <i>Se travay tout konminote a!</i> </p>	<p style="text-align: center;"><u>Jen</u> KOWÒPERASYON</p> <p>Potekole ak lòt pou benefis tout moun. Tout moun travay ansanm. « Kowòperasyon eple ak twa lèt sèlman—NOU. » ~George M. Verity</p>



1-800-780-TIPS

or text message C-R-I-M-E-S (274637)
Keyword REWARD

Note: You may contact your local school in order to obtain English, Spanish, and/or Creole versions of the *Code of Conduct for Students*.

Nota: Usted se puede comunicar con su escuela local para pedir y obtener versiones en inglés, español, o criollo haitiano del *Código de Conducta para los Estudiantes*.

Note: Pou yon egzanplè *Kòd kondwit pou elèv* an anglè, panyòl e/ou kreyòl, tanpri kontakte lekòl pi prè ou.